


KUBATANA KUSINGAONEKI

KWEMWENGA WAKRISTU

 Ndakakanzura rwendo rwangu rwekunovhima, kuitira kuti ndishumire Ishe. Saka icho...Tinofara kuva pano. Ndinotenda, nguva yokupedzisira pano, ndakakuudzai: nguva yose patinouya, pane mumwe munhu anenge asipo. Zvino tikadzoka zvakare gore rinouya, Ishe vakanonoka, pane mumwe munhu anenge asipo.

² Pane mumwe, aiva pedyo, pedyosa kwandiri pamoyo, mumweya; aiva Hama Lyle. Ndakagara ndiine kugashirwa, pandaipinda, ndakamira kumashure nokuteerera, mukamuri yekuverengera yeHama Jack, kuvatana vana vachiimba. Vari kuimba muKubwinya, manheru ano. Zvakana, pane rimwe remanzwi rakatofanoenda mhiri Ikoko, rakamirira mamwe matatu. Ndinofunga kuti handichamborinzwa zvakare panyika pano. Asi ndiri kutarisira zvikuru kurinzwa zvakare, Hama, Hanzvadzi Moore pano, muNyika iyo yavacha... hakungambova nerima.

³ Hama Palmer vaiva muranda mukuru waKristu. Ndinorangarira Hama Jack vachindiudza nezvekupira hupenyu hwavo—hwavo kunaMwari. Vaiva makaripenda, pamwe chete. Zvino vakati vainge vachidya chikafu chavo—chavo chemasikati, vakabata sangweji yavo muruoko rwavo, vachidya sangweji yavo nekuverenga Bhaibheri ravo. Maona? Vakaita zvinhu zvikuru kwazvo, Hama Palmer zvavakaita. Ndikaripenda nyanzvi, baba vakanaka kuvana vavo, mhuri yakaisvonaka. Vakavakudza vese kuzoshumira Ishe. Sekuziva kwandinoina, vese vakaponeswa nokuzadzwa neMweya Mutsvene. Zvino chinhu chikuru kune munhu upi zvake mazuva ano, vakomana nevasikana. Asi, munoona, zvese zvavakamboita hazvireve zvakanyanya kusvikira vashumira Mwari, kunze kwekunge vakashumira Mwari. Uye manheru ano, zvavakange vaita panyika ino, mabasa avo akanaka, vaenda kumubairo wavo, kunova nawo. Mwari vazorodze mweya wehama yedu.

⁴ Ndinoziva kuti, chero bedzi ino iri tabhenakeri pano, zvino ndi—ndinoziva kuti ivo...inzwi ravo rinenge richingova pano. Unogona kurinzwa. Hanzvadzi Anna Jeanne na—nasisi vavo, vachiridza ogani nepiano, Havana kumbobvira vamirira. Hama Palmer vongomira pano vongotanga rwiyo, vongoenda mberi. Vairwubata. Zvino handina kumbobvira...Ndaitarisira kuvanzwa vachiimbisa rwiyo.

⁵ Kuvana vavo; kumudzimai vavo; uye nekunaHama Jack, shamwari vavo yepadyo, vaive shamwari kwemakore ese aya; uye Hama Brown, Hanzvadzi Brown, nemi mese tabhenakeri: Mwari vakuropafadzei. Ndinovasuwawo, zvakare. Mwari vazorodze mweya vavo wehumhare, kusvika tisangane navo murugare.

Ngatikotamisei misoro yedu.

⁶ Mwari voKudenga vane nyasha, mukungotaura pamusoro pemuranda mukuru uyu, ndamusuwa, manheru ano, iye achindigwinha chishanu, nekakunyemwerera kakati chenjeri kaaigara ainako paaiti, “Mwari akuropafadzei, Hama Branham,” pataifamba tichipinda pamukova. Ndinoziva kuti auya kuImba yeNyu, manheru ano. Saka ndinonamata, Mwari vanodikanwa, Muite kuti michero, mabasa ake anomutevera, ave makuru, achienderera mberi movana vake, mudzimai wake. Tinonamata kuti Mumuropafadze, Ishe. Makati maizova murume ku “shirikadzi dzaive shirikadzi zvezvirokwazvo.” Ndinonamata Hanzvadzi Palmer nevana vese. Ndinoziva nzira yekuvanyaradza vose, kurasikirwa nemubatsiri uyewo kurasikirwa nababa vangu.

⁷ Saka, Baba, apo tiri pano, manheru ano, tinonamata kuti Mutigadzirire mweya yeduwo, zvakare, kuitira nguva iyoyo. Hatizive. Inogona kungoyerekana yasvika sezvakaita yake. Hatizive kuti ichasvika riini, asi tinoziva kuti inofanira kusvika. Saka tinonamata, Mwari, kuti Munzvere moyo wese uri muno, manheru ano. Mwari, musasiyawo wangu. Nzverai wanguwo, zvakare, uye mundiedze. Ishe, kana paine kuipa matiri, kubvisei. Tinoda kuKushumirai. Ndicho chinangwa chedu chakakwana, kuKushumirai.

⁸ Dururai Mweya weNyu patiri, manheru ano, nevhiki rino rese. Ropafadzai tabhenakeri ino ine zita rokuti Life Tabernacle. Dai yawana maropafadzo akazara ezita iroro uye izare neHupenyu hwaMwari, vhiki rino, kuponesa mweya wese wakarasika, kuzadza mutendi wese neMweya Mutsvene, nekuvandudza tariro iri matiri, Ishe, zvakare. Tinonamata kuti Mupodzewo zvakare vose vanorwara nevanotambudzwa vanouya pakati pedu. Dai Mweya Mutsvene weNyu mukuru wava pano, Ishe, ongopodza. Uye zodzai mumwe nemumwe kuti atende. Zviitei izvi, Baba.

⁹ Mwari, ndibatsirei zvino. Kana zvakavira, zvaitika kuti ijana rangu rekuunza Mharidzo. Ndinonamata, Mwari, kuti Mungoita kuti chikamu chemunhu chimire kune rumwe rutivi. Dai Mweya Mutsvene wapinda wofamba patiri, Ishe. Dai Mweya Mutsvene watora musangano, Ishe. Tinoziva kuti hatina kukwanisa kwakafanira. Hataigona kuzviita, tose zvedu. Hatidi kukambira kuti tinogona kuzviita. Asi, Ishe, tinoziva kuti Imi ndimi Iye wacho. Saka tiri kutarisa kwaMuri, Ishe. Fambai,

Mweya waMwari, muwire patiri patsva. Takumbira nemuZita raJesu. Amen.

¹⁰ Zvino ndinoda kutumira kwaziso zasi kufoni, kumachechi zvino ari pamubatanidzwa munyika yose. Tiri pamubatanidzwa wemafoni, inova nzira yakaisvonaka yatakakwanisa kuwana, kubudikidza neHama yedu Peary Green anobva kuBeaumont, Texas. Uye machechi, ari kutevera Mharidzo, zvachose, kwese kwakapoterredza muUnited States, vari pamubatanidzwa, manheru ano. Tinotumira kwaziso, kukwira nekudzika kuWest Coast, nzira yose kubva kuVancouver kusvika kuTijuana, Mexico, nemuSan Jose, Los Angeles. Mapoka ose ari ikoko, tinokukwazisa kubva kuShreveport. Zvakare, nzira yose kuenda kuPrescott, Arizona, kuboka riri kumusoro ikoko rakamirira panaShe, tinotumira kwaziso kwamuri, nekuTucson, uyezve Sierra Vista. Kwese kunosvika kuNew York, kukwidza nekudzika, kwakapoterredza nyika, Ishe vakuropafadzei, mumwe nemumwe. Ndinoshuva dai manga muri pano, manheru ano, dunhu rino rakaisvonaka reLouisiana, uko kunoita sekumba kwechipiri, kwandiri. Ini . . .

¹¹ Munoziva, imi vanhu vari kumusoro kuNew York, munoziva, ndinoita sekukusekai zvishoma, matauriro enyu. Ndiri pamusha chaizvo manheru ano. Hongu. Munhu wese zasi kuno, munoziva, vanoti, “Mhoroi, apo, Hama Branham. Unzai Hanzvadzi Branham nevapwere vose mouya kuzotiona.” Oh, ini zvangu! Zvinoita kuti ndinzwe zvakanaka. Ndicho Chirungu chaicho, kwandiri. Kwete kusacherechedza imi vanhu vekumabvazuva nekuchamhembe, nenzvimbo dzakasiyana. Asi, munoziva, ndofunga ndakangozvarwa ndiri Reb’ wakare uye ndichangogara ndakadaro. Ndi—ndinoita sokuzvifarira, pachangu. Chirungu chaicho.

¹² Ndakanga ndiri kusvuvuro yemangwanani yeBusiness Men, pano nguva shoma yapfuura, uye vakati, “Tichasimuka zvino tiimbe rwiyo rwenyika.” Zvino ndakasimuka, ndokuti, “Kumusha wangu wakare weKentucky, uri kure.” Zvino, kwandiri, ndirwo rwaiva rwiyo rwenyika. Ndizvo zvoga zvandaiziva. Saka, tinokutumirai kwaziso. Uye zvino kune . . .

¹³ Ndinotenda kuti vachaedza kuisa svusvuro yemangwanani panhepfenyuro, zvakare, svusvuro yeBusiness Men, Mugovera mangwanani. Hama Green vachakuudzai, sezvo vari pamamaikirofoni kunze uko iko zvino. Saka vachakuudzai kuti svusvuro inotanga nguvai, uye nguva yacho, usiku hwega-hwega, yokuteerera. Tinokutendai zvikuru. Tinamatirei.

¹⁴ Zvino, kukereke yepano, uye tabhenakeri yaHama Jack, ndichangokukumbiraiwo fevha, manheru ano. Sezvo ndanga ndiri kuzopa Mharidzo yangu yekupa kutenda kunyi—nyika yose, manheru ano, kukereke dzedu dzakapoterredza pedyo dziri kutevera Mharidzo ino. Mune izvi, ndi—ndinogona kuti rebesei.

Uyezve, zvakare, ndinogona kuparidza Dzidziso. Saka, kana zvakadaro, uye usingawirirane naYo. . .

¹⁵ Sezvandakangotaura pamusoro pekudya pai yecherry: “Kana ndikatsenga mhodzi, handirase pai yacho, ndinongosvipa mhodzi, ndoenderera mberi ndichidya pai.”

¹⁶ Saka zvikaitika kuti ndataura chimwe chinhu manheru ano, ini. . .Zvakanaka, ndicho chimwe chikonzero ndatora kokero ino, manheru ano, kuva pano, kuunza Mharidzo yangu yekupa kutenda kumapoka akapoteredza munyika, nokuti Hama Jack vanogara vakavhura mukova wavo zvakasununguka voti, “Paridzai zviri pamoyo wenyu.” Saka ndinonzwa kudekara zvikuru.

¹⁷ Saka zvinogona kuitika kuti muno, muungano yepano neHama Jack, panogona kuva nevashumiri nevamwe vanhu vanopesana neDzidziso. Kazhinji ndine tsika yekusataura pamusoro pedzidziso mupurupiti yemumwe munhu, anenge andikoka kuti ndizomuparidzira. Saka, mushure meusiku huno, ndofunga ndinenge ndichingonamatira vanorwara nekuita shumiro dzemazuva ese. Asi ndafunga kuti ndifanokuudzai tisati tatanga, kuti kana paine chimwe chinhu chandinotaura chinogona kupesana, zvino, chingozvitenderai mukusaziva kwangu, ndinofungidzira, nekusaziva zviri nane. Uye ndinamatirei.

¹⁸ Saka zvino ngatizarurei muShoko, kuchitsauko pano. Ndinoda kunongedza kunzvimbo dzakawanda manheru ano, nokuti ndine Magwaro akawanda nezvinyorwa zvidiki zvakanorwa pano pahwendefa.

¹⁹ Ndinorangarira kekutanga kandakakwira papuratifomu paLife Tabernacle, makore makumi maviri apfuura. Nda—ndaisamboda kunyora pasi Magwaro angu nezvinongedzo. Ndaiva mudiki nemakore makumi maviri ipapo. Asi zvino ndapfuura makumi maviri nemashanu, saka ini. . .kechipiri. Saka ndaka. . .handichagona kuzvirangarira sezvandaiita. Ndinotofanira kunyora Magwaro angu pasi, uye dzimwe nguva kunyora pfupiso yechinhu kana chimwe chandinoda kunongedza kwachiri.

²⁰ Uye zvino Ishe varopafadze patiri kuverenga kubva muShoko raMwari, uye neBhuku revaRoma, chitsauko 7. Zvino, ndinoda kuti ndiite sekudzidzisa izvi sechidzidzo cheSunday school.

²¹ Ndinoziva kuti pane vanhu vakamira. Uye patabhenakeri, kazhinji, paJeffersonville, tinoda kukukwazisai mose, manheru ano, zvakare, kuziva kuti makabatanidzwa ikoko kutabhenakeri. Uye zvinoita sekunge kuva kutabhenakeri, manheru ano, dai maiva zasi kuno, vanhu vakamira nemadziro, kwakazarisa. Zvino, ndinofungidzira kuti ndizvo

zvamakaitawo, zvakare, vanhu vose vari kurutivi irworwo rwenyika, vauya kuitira Mharidzo.

²² Zvino tiri kuzoshandisa ino sechidzidzo cheSunday school. Uye hazvina kunangana nechimwe chinhu, kana vamwe vanhu, kana chimwe chinhu; kuChechi bedzi, Mutumbi waKristu watiri kuedza kutungamira kupfungwa dzakadzama nezvinangwa zvepamusoro, tichitenda kuti Kuuya kwaIshe Jesu kwava pedyo. Tinozvhitenda. Zvikuru sei, kwaswedera nemakore makumi maviri kupfuura zvazvaiva pandakauya kuShreveport kekutanga. Oh, zvakanwanda zvakanwanda kubva panguva iyoyu! Iye zvino takatarisira Kuuya kwaShe, muchizvarwa chedu. Handisi kutarisira rumutsiriro muchizvarwa chedu. Ndakatarisira Kuuya kwaShe, muchizvarwa chedu.

²³ Zvino muna vaRoma 7. Ndinovimba kuti maBhaibheri enyu akavhurwa, kwese zvino, kwakatenderera nyika. Tinoda kunyatsoverenga zvino. Mharidzo iyi—iyi kubva muno, inoita sekunge ndeye kuroorana nekurambana, asi chaizvoizvo haisi. Kwandiri, chiporofita cheChechi mumazuva ekupedzisira. Ngativerengei.

Hamuzivi, here hama dzangu, (nekuti ndinotaura nevanhu vanoziva murairo,) kuti murairo une simba pamunhu nguva yose yeupenyu hwake?

Nokuti mukadzi ane murume anosungwa nemurairo kumurume wake iye achiri mupenyu; asi kana murume afa, asunungurwa pamurairo wemurume wake.

Naizvozvo, zvino kana akawanikwa nemumwe murume, murume wake achiri mupenyu, achanzi chipfeve: asi kana murume wake afa, asunungurwa pamurairo iwoyo; zvino haasi chipfeve, kunyange akawanikwa nemumwe murume.

Saka, hama dzangu, nemiwo makaitwa vakafa kumurairo nomuviri waKristu; kuti muve makabatanidzwa kana kuti mowanikwa nemumwe, iye wakamutswa pavakafa, kuti tiberekere Mwari zvibereko.

Nokuti panguva iyo tichiri munyama, . . . kuchiva kwechivi, kwakamutswa nomurairo, kwakabata mumitezo yedu kuti kubereke zvibereko zvinoisa kurufu.

Asi zvino takasunungurwa pamurairo, takafa kunaizvozvo zvatanga takasungwa nazvo; naizvozvo tinofanira kushumira nomweya mutsva, tisingabatiri nezvakanyorwa kare.

²⁴ Uye zvino ngatinamatei.

²⁵ Mwari vanodikanwa, tichangobva kuverenga ratinotenda kuva Shoko raMwari rakayereswa. Uye ndizvo zvatiri kutenda, kuti hapana donhwe kana chidimbu chichapfuura kubva kune

Izvi kusvikira zvese zvazadzikiswa. Uye tinotenda kuti Ishe vedu vakatiudza, muna Zvakazarurwa chitsauko 22, kuti, “Ani naani achabvisa Shoko rimwe chete kubva kwaRiri kana kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri, iyeye, mugove wake, uchabviswa kubva muBhuku reHupenyu.”

²⁶ Zvino tinozviona, pakumiririrwa kwakatsveyama kweShoko iri, saSatani akaRimiririra zvakatsveyama kuna Evha, akamukonzera kuti apokane Shoko rimwe chete, ndokukandira rudzi rweve rwevanhu munyonganyonga yekuwa. Shoko rimwe chete bedzi!

²⁷ Zvadarwo tinoona pakati peBhuku, kwakauya Ishe naMuponesi wedu, uye Akatipa chitaurwa ichi pamusoro paRo. “Munhu haangararame nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo waMwari.”

²⁸ Zvadarwo yambiro yakaperera muBhuku rekupedzisira, reZvakazarurwa zvaJesu Kristu, “Ani naani anowedzera shoko rimwe kana kukamura Shoko rimwe chete, mugove wake uchabviswa kubva muBhuku reHupenyu.”

²⁹ O Mwari, tichiziva, nekuona kusasimba kwedu, tichiziva kuti tiri kufamba pashinda dzisingatane kudambuka dzehupenyu, hwehupenyu huno hunoguma (tisingazive nguva iyo yatichadanwa kuzodavira Kumusoro), tiitei, O Ishe, tiise parutivi zvose zviri mumoyo medu, zvose zviri mupfungwa yedu, totarisa takananga kuShoko reNyu, manheru ano, uye kuti Muuye kuzoRidudzira nemashoko enyu anorarama. Zviitei.

³⁰ Dai Mweya weNyu wawira patiri ugozodza Shoko kumoyo yedu, kuitira kuti tibve pano, manheru ano, tave vanhu vari nani kupfuura zvati iye zvino, kuitira kuti tive nemuono uri nani pana Jesu Kristu. Zviitei, Ishe, kuitira kuti tinzwisise zuva ratiri kurarama mariri, negadziriro yaMwari kuvanhu vaVo munguva ino; nguva huru, ine njodzi, yerima yatiri kurarama mairi zvino. Mwari, tizodzei, kwete mutauri bedzi, asi muteereri. Uye, pamwe chete, itai kuti mwoyo yedu idedere paShoko reNyu. “Nokuti kutya Mwari ndiwo mavambo ehuchenjeri.” Tenderai zvinhu izvi, Baba, nokuti tazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

³¹ Ndingada kupa musoro wenyaya kuzvitaurwa zvisvishoma izvi zvandanga ndiri kuzoita pano, nemamwe Magwaro andingada kutevedza nepadyo, kana Ishe vachitendera, kuMharidzo ye—yethanksgiving, kune zvisingaoneki, zve, *Kubatana Kusingaoneki KweMwenga WaKristu. Kubatana Kusingaoneki KweMwenga WaKristu.* Haaiite sokunge Mharidzo yethanksgiving. Kunyangwe hazvo, chero Gwaro ripi zvaro, tinotenda nokuda kwaRo.

³² Ndinotenda kuna Mwari, nekuva mupenyu munguva ino, yezviitiko zvekupedzisira zvenhoroondo yenyika ino. Handizive. Kutai dai ndaiva nechekutaura nyika isati yavambwa, uye

dai Mwari vainge vakandiratidza hurongwa hwacho hwese, zvino voti kwandiri, “Ndi—ndinoda kuti uparidze. Saka zvino nderipi zera raunoda, kuenda panyika kunoparidza?” Ndingadai ndakasarudza zera rino, nokuti ndinofunga kuti rino ndiro zera rakanakisa.

³³ Ndaizoda zvirokwasvo kuvapo panguva iyo yekushanya kwaKe panyika. Asi, zvakadaro, ndinofunga kuti iko zvino inguva huru kupfuura ipapo, nekuti inguva yaAri kuuya kuzatora vanhu avo vaAkadzikinura, pedyo nerumuko apo vakadzikinurwa vose vachamuka. Mukana wakanaka zvakadini watinawo, kutaura kune vanhu vari kufa, nguva huru! Tinowana manyakunyuku pamusoro pazvo.

³⁴ Zvino tinoziva kuti nhorooondo yave kuguma. Nhorooondo yenyika ichapera nenguva isipi, zvadaro tiri kuzopinda muzuva idzva, kuMireniyamuru huru. Iyo, semutendi mumwe chete, ndinotenda mu... muMireniyamuru, kutonga kweMireniyamuru naKristu, chiuru chemakore panyika; kudzoka kwaIshe Jesu mumutumbi, kuzatora vanhu vari mumitumbi, vakabwinyiswa, neRopa raKe rinochenesa.

³⁵ Pauro pano ari kupa tsanangudzo, muRugwaro rwedu, pamusoro pemurairo nenyasha, nekuzvitsanangura sekuroorana nekurambana. Chinyorwa ichi hachiwanzoparidzwa nezvacho, nokuti, zvinongoita sekuti, chakananga, sekunge, pakuroorana nekurambana. Asiwu zvakare chakanangana nechikamu chikuru chekuroorana nekurambana, kwezvaari kuedza kuisa muhurongwa pano kuti isu, se—seChechi, hatichagona zvakare kuroorwa nenyika nekuna Kristu, panguva imwe chete, uye—uye zviru pamutemo nepamurairo wazvo, sezvazvingava kumudzimai anotora mumwe murume asi iye aine murume wake mupenyu. Zvino ndine pfungwa dzangu pamusoro pazvo, uye ndinotenda kuti zvinotaurwa neBhaibheri iChokwadi.

³⁶ Zvino, asi ndinotendawo, zvakare, maererano nekutenda kwangu, kuti zvinozarura chimwe chezvakananzika zvikuru zvechipozofita. Uye ndinotenda kuti Ishe vachatibatsira, manheru ano, patiri kupa izvi kune vanhu vedu vakamirira munyika yese.

³⁷ Zvakambotaurwa, imwe nguva (Ndaiverenga, pandaiita zvinyorwa pamusoro peizvi, nda—ndanga ndisingagone kurangarira zita rebhuku racho mazviri, asi ndi—ndine chokwadi kuti iri ndiro racho), iro (rimwe remabhuku andakaverenga pamusoro paVaMoody, Dwight Moody, kuChicago; tine boka guru rechechi yakateerera kuChicago, zvakare, manheru ano), kuti, VaMoody, mushure mekuverenga VaRoma 7, vakamhanyira mumugwagwa, zvino munhu wekutanga wavakasangana naye, vakati kwaari, “Unoziva nyasha here?”

Zvino murume ndokupindura kuti, “Nyasha ani?”

VaMoody ndokuti, “Nyasha dzaMwari.”

³⁸ Saka, zvakananyatsomunakidza paakaona izvo, kuti nyasha dzakanga dzatipatsanura kubva kumurairo, uye kuti, nechikamu chakanga chaitwa nyasha. Zvakanaka, zvino, chinhu chipi chandingada kuita, ndeapo...Ndakagara ndichiudza vanhu, kana ndichinge ndayambuka mutsara, kune rimwe divi, ndinoda kusimuka ndoimba.

Nyasha dzinoshamisa! Manzwiwo anotapira
zvakaadini,

Dzakaonesesa munhu akaipa seni!

Nyasha, nyasha dzinokosha!

Nyasha dzakawedzerwa dzekuziva!

³⁹ “Nokuti takaponeswa nyenyasha; kwete nokuda kwezvatinogona kuita.” Zvatinokwanisa, chero zvatinoina, hazviverengerwe kwatiri. Nyasha ndidzo dzinotiponesa. “Makaponeswa nyenyasha, kubudikidza nekutenda.”

⁴⁰ Regai ndiwedzere kuMudzimai uyu, Nyasha, regai ndiMugadze muBhaibheri, zvakare, sekudanwa kunzi Mudzimai akasanangurwa, ava Muzvare Nyasha wandiri kuzotaura pamusoro pake. Munoziva, Bhaibheri rinozvireva, rakati, “KuMudzimai akasanangurwa.” Izvozvo, mukacherechedza, “kusanangurwa” kwakabva pashoko rekuti “Mudzimai akasanangurwa.” Mudzimai mumwe chete, pakati pemamwe madzimai ose, akasarudzwa.

⁴¹ Sekuti, mhandara yaifanira kuzozvara mutumbi waMwari, panyika. Aiva mudzimai akasanangurwa. Mwari vakasarudza Maria.

⁴² Uye, zvakare, Mwari vakasarudza Mudzimai akasanangurwa, anova Mwenga waKe. Akasanangurwa. Ndinotarisa kuti tiri nhengo dzacho, manheru ano, pasi rose, munyika yese, waro.

⁴³ Tsanangudzo pano, ichiratidza ukama pakati paKristu neMwenga, Mudzimai akasanangurwa: uye kuti Aizounzwa sei kwaAri; kwaAibva; uye kuti Aizounzwa sei kwaAri. Chechi pano, mutsanangudzo yatiri kuona, iri kumiririrwa nemudzimai. Zvinova, mudzimai nguva dzose anomiririra Chechi, nekuti Chechi inocherechedzwa seMwenga. Mwenga, iYe Mwenga waIshe Jesu, Mwanakomana waMwari.

⁴⁴ Nguva dzose, kana ukatarisa, ongorora mamiriro nemazvibatiro emadzimai, zvino uchaona pane chechi.

⁴⁵ Zvino, izvi, zvimwe zvitaurwa izvi zvinogona kuita zvitsva kune vamwe venyu, asi zvinofambidzana neMharidzo yandinayo yakabva kuna Jehovha, uye ndiri kuedza kusvitsa kuvanhu. Maona? Imi tarisai zvose panyama, maitikiro azvo, zvisikwa, muzviongorore. Zvinonyatsofambirana nezvepamweya, zvakare.

46 Zvino, kana mukaona mazvibatiro emadzimai munyika nhasi, tarisai mazvibatiro echechi yemunyika nhasi. Chingotaraisai. Handiti, zvino, pane mazvibatiro eMwenga wepamweya, Chechi. Maona? Utarisei, zvakare. [Chibenga patepi—Mupepeti.] Nokuti, unonzi wepanyama, unokambira kuva Mwenga.

47 Zvino, ndapota regai nditaure zvakare kuungano yepano. Musanzwe kusagadzikana zvino. Ndiri—ndiri kutaura kune vose vari kunze munyika yose, kune avo, vandinofunga kuti, Mudzimai akasangurwa. Saka kana zvikaitika kuti mune vashumiri muno, vasingawirirane nazvo, zvakanaka, chingozvibatai kwechingvana. Maona? Cherechedzai. Ingoteererai.

48 Cherechedzai hunhu uhwu. Kana mukaona vakadzi vave kungoenda mberi nekupengereka, vachingoita chero zvanoda kuita, tarisai, chechi iri kuita zvimwe chetezvo. Cherechedzai.

49 Asi tarisai kana, Mwenga wepamweya, kana Otanga kuva nerumutsiro, paAnotanga kudzoka achizvinanganisa neShoko raMwari. Tarirai ipapo zvino zvakare, munoona, kuti Magwaro, panguva iyoyo, pachava neMharidzo ichauya kuzotora Mwenga iyeye, kutora Mudzimai iyeye, Musanangurwa.

50 Nokuti, sezvo nyika, Satani, munyengeri akanyengera mwenga wepakutanga, kuti atadzire Mwari, nekusatenda Shoko rake. . .

51 Uye zvino, nhasi, patiri kuona chechi yepanyama, muvhangeri renyu renjere, muchienda kure nekure kubva paShoko raMwari, muvhangeri regutsaruzhinji; tinoona kuti madzimai emunyika, mumigwagwa, nhengo dzezvakadaro, vari kuzvipinza muhupo humwe chete. Haugone kuvaudza. Varasikirwa nepfungwa dzose dzakakwana dzemazvibatiro, vanhu vadaro. Maona? Zvino ndiyo nzira iyo yatorwa nechechi. Zvino unotoiona yakananga kumubatanidzwa wemachechi chaiko, zvemazvirokwazvo sechinhu chipi hacho chiri panyika, uye nekunyatsopinda muRome nekukwanisa kwese kwainogona, maona, nokuti zvakaporofitwa. Uye hepanoi paari. Ndiwo mazvibatiro ake.

52 Asi zvino tarirai zvakare kuChechi yepamweya, kuti boka revanhu ivavo, rakadanirwa kunze, Vasanangurwa, kubudikidza nerumutsiro rwega-rwega. Muna Martin Luther, zvakaitika nenzira imwe cheteyo pakuvandudzwa. Zvakaitika nenzira imwe chete munguva yaJohn Wesley. Zvakaitika nenzira imwe chete pakatanga Pentekosti. Vakadzosa madzimai mumutsara weShoko, zvadaro ndokutsauka kubvapo. Heunoi anodzokera kunyonganyonga. Asi panguva iyo vanhu vanenge vagadzirira kupinda mumutsara, pane Mharidzo inouya, uye vanopinda mumutsara waYo.

⁵³ Luther aiva mutumwa wezuva rimwe chete, rekururamiswa, uye Chechi ikapinda mumutsara wako, vamwe vavo. Vamwe vese vakangoenderera mberi. Wesley akauya nekucheneswa, Chechi ikapinda mumutsara wako. Pentekosti ndokuuya nekudzoreredzwa kwezvipo, Chechi ikapinda mumutsara wako, Vasanangurwa vezuva iroro; zvino ndokuzopera, ndokudzokera kune zveasangano ndokubuda pamwe chete nevamwe vese, vose zvavo zvichidzika nemutsara.

⁵⁴ Zvino, asi munocherechedza, vanhu pavanotanga kuedza kunangana neShoko, panouya Mharidzo itsva kubva muShoko raMwari, rakanyatsonanga kuvanhu. Zvino vanobata Mharidzo iyoyo vopinda mumutsara, nguva dzose. Zvinongova mune hwaMwari... Tinazvo.

⁵⁵ Tine mhuri. Mhuri yega-yega muno inazvo. Dzimwe nguva zvinhu zvese zvinoendeka kwamuri, kwemakore. Zvino, kamwe-kamwe, munosvika pakamanikana, tinozvitaura kakawanda kuno kumaodzanyemba, “Kana kwonaya, kunoita zvekudurura,” uye zvinhu zvese zvinongoenda nenzira isiri iyo. Muri kupfuura nemunguva dzeusiku. Asi pane kubuda kwezuya, kwozoita usiku. Zvinhu zvose zvinofamba mukuenderera mberi.

⁵⁶ Muporofita, Pauro, pano ari kutaura kuti mudzimai haagone kuroorwa zvakare kusvikira murume wake wekutanga afa. Haagone kuroorwa chero bedzi murume wake wepakutanga ari mupenyu; mudzimai, hazvina basa kuti chii, zvachose. Anofanira kugara asina kuroorwa kana murume wake wekutanga achiri mupenyu. Zvino kana akaita chivi chakaita saichocho, “achadanwa kunzi mhombwe.” Ndiri kutaura pamusoro pewepanyama zvino, kuti ndizvifanidze newepamweya. Kana mudzimai uyu akaita chivi chakadaro, zvino anoiswa mucherechedzo, “mhombwe,” kana aine varume vaviri vapenyu panguva imwe chete. Naizvozvo, arasikirwa, nokudaro, nekodzero dzake kuna Mwari neKudenga, nekuita izvozvo. Iye adaro chokwadi. Akarambwa muhumambo hwaMwari, maererano neMagwaro andichangobva kuverenga.

⁵⁷ Naizvozvowo chechi, painoedza kusanganisa zvitendwa nesangano pamwe neShoko raMwari. Haigone kuroorwa nesangano, yova Mwenga waJesu Kristu, panguva imwe chete. Anofanira kufa kune uyu kana mumwe wacho. Murairo unotaura kudaro, pano. Pane mirairo yakawanda muShoko raMwari. Uye uyu murairo waKe, Pauro ari kutaura zvimwe chete pano. Haagone kuroorwa kuchechi yezvitendwa zveemunyika, uye yova Mwenga waKristu, nokuti (iye) chimwe chinopesana nechimwe. Zvino, rangarirai.

Ungati, “Zvakanaka, isu tinotenda *izvi*, asi hatitendi *Izvo*.”

⁵⁸ Kana wakaroorwa kunaKristu, Kristu iShoko raMwari. Muna Mutsvene Johane, chitsauko 1, inoti, “Pakutanga kwaiva neShoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko

raiva Mwari. Zvino rimwe chete rakaitwa nyama ndokugara pakati pedu.” Kristu aiva Shoko benyu. Akagara ari Shoko. Achiri Shoko. Achagara ari Shoko. Aingova bedzi kuratidzirwa kwezvizenga zvaMwari, nokuti aiva Mwanakomana waMwari.

⁵⁹ Zvino mwanakomana upi zvake kuratidzwa kwababa vake, uye sezvawaingova muzvizenga zvababa vako, mumutumbi wababa vako pavaiva mukomana wechidiki, waiva mavari. Zvakadaro, vaisagona kuyanana newe, nokuti vaisakuziva. Asi zvadaro, kubudikidza nebindu rekudyarira ramai vako, wakaunzwa panyika ndokuva muchimiro chababa vako, zvino vakazokwanisa kuyanana newe.

⁶⁰ Uye ndizvo zvamaiva, vanakomana vaMwari nevanasikana vaMwari, pasati pava nemwedzi, nyeredzi, kana chizenga. Maiva vanakomana nevanasikana vaMwari, nokuti munongori kuzadzikiswa kunobatika kwezvizenga zvaiva munaMwari pakutanga. Nokuti, panongova nemhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi, uye aiva iwe, pakutanga. Hapana zvaunoziva nezvazvo. Uye hauna kumbobvira waziva pawaiva muna baba vako vepanyama, asi wakaraidzwa kune... muchimiro chavo. Wakagadzirwa muchimiro chaMwari, uye wakaraidzwa kuitira kubwinya nekuyanana kwaMwari.

⁶¹ Uye, naizvozvo, semazvirokwazvo awaiva muchizenga chababa vako, usati wazvarwa panyika, chizenga chako chepamweya chaifanira kunge chiri muna Mwari, nokuti uri kuratidzwa kwepfungwa dzaKe, nyika isati yavambwa. Ndizvozvo. Hapana nzira yekuzvinzvenga. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, iye zvino tinocherechedza, zvadaro, kuti Hupenyu huri mauri, Hupenyu hwaMwari huri mauri, kubva pamavambo enyika.

⁶² Saka, zvino, haugone kusanganisa chitendwa chesangano neShoko, nokuti zvinonyanya kupesana, chimwe kune chimwe.

⁶³ Ndizvo chaizvo zvakaedza kuitwa naSatani mumaonero ake enjere kuna Evha. Akati...akabvuma kuti Mwari vakazvita, asi ndokuti, “Zvirokwazvo, hauzofa.” Maona? Uye ivo vakazvitenda.

⁶⁴ Zvino ndizvo zvakaitwa nechitendwa, manheru ano. Sangano rapatsanura vanhu kubva paShoko raMwari. Jesu haana kuti here, paAkauya, “Imi, kubudikidza netsika dzenyu, makashaisa maturo Mirairo yaMwari kuvanhu?” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Uye kubudikidza nezvitendwa zvedu, takapatsanura kuyanana kweMweya Mutsvene kuti uzodze Shoko raMwari rakatupfunurwa kuchizvarwa chino. Takapatsanura vanhu zvekuti, kubudikidza nesangano, zvokuti havagone kuwana mukana wekuRiona.

⁶⁵ Zvino, Mwari, Ivo, muchizvarwa chega-chega, Vanowedzera chikamu chitsva cheBhuku raVo. Zvinofambidzana pamwe chete.

66 Sekuvakwa kwakaitwa mutumbi wangu. Ndinoudzwa kunzi wakatangira pamapfupa ekumusana, asi waisangova musana bedzi. Zvakabva ipapo ndokuenda kumbabvu, uye kubva kumapapu, kuenda kuzvanza, nemaoko, netsoka, nezvakadaro, zvino ndokusvika pakuva munhu wandiri zvino.

67 Zvino ndizvo zvakaita kuratidzwa kwaMwari pamavambo. Uye pakupedzisira Akaonekwa saJehovha, Mwari Baba. Zvino ndokuzoonekwa saMwari Mwanakomana, muna Jesu Kristu. Iye zvino akaonekwa saMwari Mweya Mutsvene. Mwari mumwe chete, nguva dzose, kuratidzwa kutatu kwaMwari mumwe—mumwe chete.

68 Zvino, tinoona mune izvi, kuti, muchizvarwa chega-chega, Mwari vakapa Shoko raVo kubva pamavambo.

69 Sekungouya kwakaita kushanduka kwezvisikwa. Sezvakangoita chinhu chekutanga chakasikwa naMwari, zvichida, chaiva...Ngatitii Vakatanga kusika zvinomera, kutanga. Zvadaro Vakazosika mhuka, mushure. Zvino Vakazosika vanhu, mushure. Zvakaita sokushanduka kwezvisikwa, zvichisimukira.

70 Ndizvo zvazvagara zviri munaMwari neChechi yaKe. Kururamiswa pasi paLuther. Kuchen-...Zviri kudhonzera Mwenga waKe kunze, zvino. Ari kusika Mwenga waKe. Kururamiswa pasi paLuther; kucheneswa pasi paWesley; nezvakadaro, munoona. Iye, kushandurwa kwepaMweya kuchipihwa zvakawedzerwa, nokuti Mutumbi uri kuvakwa, kusvika kuMusoro, unova Kristu, Mutumbi waKristu.

71 Zvino, Iye, semudzimai, kana Akaroorwa naKristu Shoko, haAgone kuroorwa nesangano rechechi panguva imwe chete, nokuti Akasungwa naro. Iye acha...haagone kurarama nevarume vaviri panguva imwe chete. Vanopesana, mumwe kune mumwe. Mumwe akatumwa naMwari, mumwe akagadzirwa nevanhu, saka havawirirane. Akati, “Regai shoko remunhu wese rive nhema; raNgu rive Chokwadi.” Mwari vakadaro.

72 Zvinongopesana, sezvaiva zvakangoita murairo kunyasha, saPauro achitaura pano. Mumwe anofanira kufa, kuti uve nemumwe. “Zvino akaedza kuzvisanganisa, achanzi mhombwe.” Oh! Pafungei. New York, Arizona, kunyika yose, pafungei. Mwari vakati, “Kana akaedza kuroorwa kune vaviri panguva imwe chete, achadanwa kunzi mhombwe.” Imhombwe ipi inogona kupinda Denga? Mwari vangaroora mhombwe here? Kwete zvachose. Vakatiudza kuti tisazviite. “Achadanwa kunzi mhombwe.”

73 Zvadaro, vana vake, kana ari mhombwe, vana vake ndevhupombwe. Vehupombwe! Vehupombwe kunei? Kwete kuchechi, asi kuShoko. Ndewe hupombwe. Mufananidzo wakadini waZvakazarurwa 3 pano, wezera rechechi

yeRaodhikia muzuva rekuguma! Iboka rehupombwe zvakadini! Musanganiswa wakadini wemasangano! Unodziya, vanoenda mberi vachizviti Makristu, nekuramba Shoko raMwari, “Vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba simba racho,” sezvakataura muprofita kuti zvaizova.

⁷⁴ Kuroorana ndiro bumbiro rekutangisisa panyika. Kuroorana ndiko kwakatanga kuitwa, nokuitwa, mubindu reEdheni.

⁷⁵ Mudzimai akapihwa hunhu hwakatsarukana hwaasingafanire kusvibisa. Mudzimai akapihwa izvozvo. Hapana chisikwa panyika chakaita semudzimai. Hapana imbwa hadzi, hapana chisikwa chipi zvacho chechikadzi, chakapihwa hunhu huri mumudzimai.

⁷⁶ Mudzimai aisambova pa—pamavambo ekusikwa, nokuti Mwari vaiziva kuti aizowa. Dzimwe hadzi dzose hadzaigona kuita hupombwe. Ndiye ega anogona kuita hupombwe. Dai akaita sezvepakutanga, zvaisazoenderana nehuchenjeri hukuru hwaMwari. Maona? Akagadzirwa kubva pamurume.

⁷⁷ Asi nekuti akakandirwa kudivi iroro, akapihwawo hutariri hwakanangurwa kubva kuna Mwari, kuitira rudzikinuro. Ane hunhu hwaasingafanire kusvibisa.

⁷⁸ Kana aihukanganisa, anosvibiswa kwehupenyu hwese. Hazvina basa kuti akaregererwa zvakadini, haagone kururamiswa. Ndichasvika kwazviri muchinguvana. Ndine Gwaro pamusoro pazvo, mumaminitsi mashoma. Anogona kuregererwa nokuda kwekuzvisvibisa, asi haagone kururamiswa muhupenyu huno. Zvinogara naye. Cherechedzai zvino. Akapihwa izvi. Anogona kuregererwa, asi kwete kururamiswa.

⁷⁹ Mutumbi wake wakapihwa kwaari, muruvimbo rwakayereswa kubva kuna Mwari. Hapana imbwa hadzi, kana shiri, kana imwewo mhuka, hapana chimwe chisikwa chakadaro. Kwete. Iye ndiye oga. Nako, iye. . . Chikonzero sei zvakananyanya kuyereswa, anofanira kuunza hupenyu panyika. Mutumbi wake ibindu rekudyarira hupenyu, naizvozvo ndosaka akapihwa ruvimbo rwakayereswa urwu.

⁸⁰ Zvino pano ndipo pamungagona kusawirirana neni, vazhinji venyu, vadzidzi vebhaibheri. Ndizvo zvakasvibisa rudzi rwevevanhu, ihwo hupombwe huya hwepakutanga. Bindu rake rekudyarira rakasvibiswa. Akabereka mapatya aya, Kaini naAbhero. Chiito chimwe chete, vana vaviri. Nzverai Magwaro. Uh-huh.

⁸¹ Cherechedzai zvino. Tinoona kuti mutumbi wake ibindu rekudyarira, naizvozvo hunhu hwakayereswa, kusausvibisa. Zvino, ndiri kutaura zvino, ndichiunza izvi mutsananguro, kukuratidzai pakamira Chechi. Handisi kutaura pamusoro penyu imi madzimai. Chero zvamuri, zviri pakati penyu

naMwari, kana imi varume. Asi ndiri kutaura pamusoro peChechi naKristu.

⁸² Zvino, izvi akapihwa, kuitira kuti aunze hupenyu uhwo Mwari vega ndivo vanogona kuhupa. Murume wake anogona kunge ari mutakuri wechizenga, asi Mwari ndivo vanofanira kuunza hupenyu. Ndizvozvo chaizvo. Hunofanira kuuya. Hupenyu hwese hunofanira kubva kuna Mwari. Hupenyu hupi zvahwo hunofanira kubva kuna Mwari. Hwakatsveyamiswa, ndizvo zvinoita kuti huve chivi, asi hupenyu hunofanira kubva kunaMwari. Ndiye Muvambi wehupenyu. Zvino iye ano kuye- . . . kumwe . . .

⁸³ Ndinoda kutaura zvinhu zvitatu pano zvaasingafanire kubva pazviri. Zvino, ndiri kutaura, chengetai chechi mupfungwa pandiri kutaura izvi kumudzimai wepanyama, saPauro pano, muchitsauko 7 chavaRoma.

⁸⁴ Ane hunhu hwakayereswa hwaanovimbwa nahwo hwakakumikidzwa kwaari naIshe wake, hunhu hwakatsaurwa. Hapana chimwe chinhu chinahwo kunze kwemudzimai. Ndizvozvo. Hwakakumikidzwa kwaari naMwari. Haafanire kusvibisa hunhu ihwohwo.

⁸⁵ Kana akatongoita chimwe chinhu chakaipa, anofanira kuchitendeuka kumurume wake asati amutora, ozvigadzirisa. Zvimwe chetezvo sekereke yakaroorwa kumurairo, inofanira kuuya pamberi paKristu, kuroorana kwepiri kusati kwaitwa. Anofanira kuzvitendeuka. Kana akasadaro, uye orarama nemurume wake kwemakore gumi ozozvireurura, murume ane mvumo yekumuramba oroora mumwe mudzimai. Iro iGwaro. Hupombwe hwevasina kuroora kurarama kwakasviba.

⁸⁶ “Josefa, usatya, kuzvitorera Maria mudzimai wako, nokuti chakagamuchidzwa mukati make ndecheMweya Mutsvene.” Akanga afunga zvekumuramba pachivande, maona, mushure mekunge atotsidzirana naye. Kana wakatsidzirana naye, pakugutsikana kwaMwari, wakatomuroora.

⁸⁷ Cherechedzai zvino. Ane hunhu hwakayereswa hwaakapihwa, hwaakavimbwa nahwo naIshe. Mwari vakamupa hunhu ihwohwo. Sezvazvaingova mubindu reEdheni, anogona kuti “hongu” kana “kwete.” Ane hunhu hwakayereswa hwehudzimai hwakakumikidzwa kwaari, hwaasingafanire kuputsa. Hunhu hwechidzimai hwandiri kutaura nezvahwo pano mazvibatire ake, hunhu hwake pakati pevarume. Kusarega murume wese . . .

⁸⁸ Kutarisa pamaskirini aya woona vatambi vemabhaisikopo ava vachitsvodana, nokumbundirana, nokuita zvinosemesa, pavari, pavakadzi ava. Mukadzi anoita zvakadaro, ane hunhu hwakaipa. Anogona kunge ari mhandara, zvakadaro. Asi, munoono, mumoyo make . . . Apo, zvizenga izvi, zvizenga

zvekusangana, zviri mumiro. Murume akatsvoda mukadzi, chaizvoizvo, zvaari kutoita, hupombwe. Zvizenga zvekusangana zviri pamuromo wemukadzi nemuromo wemurume. Anogona kumusvepura paruoko, hazvingasanganise nemuzvizenga zvavo zvekusangana. Asi zvizenga zvekusangana zviri mumiro yavo. Zvino honai kushaya maturo mu—muHollywood nhasi, kwehunzenza hwese uhwu nekudanana nemadzimai, nezvakadaro, uye tusikana tudiki tuchitarisa zvose izvozvo. Hazvishamisa sei tsika dzedu dzaora nekunhuwa, dzakasviba, munoono, nokuti zviri kuiswa pamberi pevana. Ndizvozvo. Zvinofanira kudaro pazuva rekupedzisira.

⁸⁹ Zvino chengetai chechi iri mupfungwa. Iri kutsvoda nekuita hunzenza, nekusangana kwese-kwese muzvinhu zvese kunze kweShoko, kurega dhiyabhorosi, nedzidzo nekunzvera kwesainzi, nezvakadaro.

⁹⁰ Apo, sainzi, dzidzo, nezvose, zvinonyatsopesana naMwari. Hurongwa hwese hwebudiriro yehungwaru yatinayo nhasi zvirokwazvo ndehwaantikristu. Hurongwa hwedzidzo ndehwaantikristu. Kubudirira ndekwaantikristu. Kunopesana naMwari. Unoti, “Kupesana nebudiriro?” Mwari vachava nebudiriro, rimwe remazuva ano, isingazova nerufu rwunobatanidzwa nayo. Budiriro ino yechimanjemanje yakauya naSatani. Ndichazviratidza kwamuri, Ishe vakatendera, manheru ano, kubva muBhaibheri. Zvinhu zvose izvi ndezvaSatani. Budiriro yedu itsva haichazombova kana nechimwe cheizvi mairi.

Ane hudzimai hwakayereswa.

⁹¹ Ndosaka varume vachizvibata sezvavanoita pane vakadzi, nokuti vakadzi vanozvibata nemaitiro avanoita pane varume. Mukadzi anozviunza pano akapfeka chikabudura, nezvinobata, nehanzu dzemurume nezvakadaro, mumugwagwa umo, achizvonyongoka. Hazvina basa kuti anotaura kuti kudini, anogona kuve akatendeka kumurume wake chose, asi, pamberi paMwari, “Imhombwe.” “Ani naani anotarisa pamukadzi kuti amuchive atoita hupombwe naye mumoyo make.” Uye mukadzi azviunza kuva izvozvo.

Ndizvo chaizvo zvakaitwa nechechi kunyika.

⁹² Cherechedzai. Hwakakumikidzwa kwaari: hunhu hwakayereswa, hudzimai hwakayereswa, uye zvadaro humai hwakayereswa, kuremekedza murume wake.

⁹³ Chingotarisa nhasi. Mune mamwe maguta, maguta akawanda, vanotoita mabiko makuru mune avanoti masosaiti, nhengo dzechechiwo, zvakare. Vanoisa nguwane dzavo pasi, zvino vose vanobva vadhakwa vokandira kiya dzavo madziri. Mukadzi wega-wega anoenda kunonhonga kiya kubva munguwani, dzemurume waachanogara naye pakupera

kwevhiki. Mapati akangosiyana siyana! Ayo, ndine zvakawanda zvekutaura pano, kana Ishe vakatendera, handina nguva yekupinda mazviri. Tsvina yakadaro!

⁹⁴ Zvino chechi yakangoipa, saizvozvo, ichiita hupombwe nezvose, uye haifanire kunge ichipinda imomo. Inofanira kugara neShoko.

⁹⁵ Zvivakwa zvakanaka. Zvipatara zvakanaka. Zvimwe zvinhu zvese izvi zvakanaka. Hurongwa hwedzidzo, hwakanaka. Tinofanira kugara pano, tinofanira kuverenga, kunyora. Ndiwo humwe hurongwa hwehupfumi.

⁹⁶ Sekuti, taisafanira kupfeka hanzu, pakutanga. Ndichaparidza pamusoro pazvo, gare-gare muvhiki rino, Ishe vachitendera. Asi tinofanira kupfeka hanzu nokuti Mwari vakatipa hanzu. Asi, pakutanga, taisadzida. Taive takafukidzwa nechidzitiro.

⁹⁷ Iye zvino akafukidzwa kuchivi chake. Haatombozivi kuti ari kutadza, munoona, sezvaaiva paya. Neku...Iye zvino akafukidzwa nadhiyabhorosi; paya ainge akafukidzwa naMwari. Musiyano wacho.

⁹⁸ Zvino tinoona kuti akapihwa hunhu hwakayereswa uhu hwaasingafanire kutyora: hwehudzimai, mazvibatiro, kuva nehunhu hwake, kurera vana vake, kuva anoremekedza murume wake.

⁹⁹ Mazuva ano, vanotarisa kwaari zvakanyanya kupfuura chinhu chipi zvacho panyika. Munofanira kuuya kuzogara muhofisi yangu imwe nguva muone varume vachiunza madzimai avo, pavanenge vachiedza kugadzirisa naMwari vachireurura pamusoro pevarume vese vavakamborarama navo, nezvimwe zvose, kubvira pavakaroorana. O, unoti, "Ivo..." Kwete. NdevePentekosti. Uh-huh. Vamwe havauye. Saka izvo...

¹⁰⁰ Ndiri kutaura pamusoro pekuti zvinogona kutsauka zvakadini, paunotanga kusangana nenyika, chechi, nemapashoni ose nezvinhu zvatiinazvo. Hatichina kuita semaPentekosti epakutanga sekusiyana kwakaita masakati neusiku. Takatsauka kuendawo kumwe, kune rimwe rima rakadzimaidzwa kumwewo kunhu, uye takarasika.

¹⁰¹ Kuvimbwa kwakayereswa zvakadini! Mungava wakadini kumudzimai! Zvino tinoona sei ari mufananidzo weChechi, iyo ine mungava mumwe chete. Semudzimai ane mungava wakayereswa kuhumai hwake, kuhunhu hwake, kumurume wake, Chechi ine mungava wakayereswa kumunamoto nekuShoko, nekuna Kristu, sezvakangoitawo mudzimai.

¹⁰² Zvino semudzimai paanotsauka nemumwe murume; chechi painotsauka kuhurongwa hwemasangano, nehurongwa hwekuvaka nezvikoro, nezvakadaro. Handina dambudziko nazvo. Izvozvo zvakanaka. Zvinoita basa razvo. Asi hazvisi...

103 Jesu haana kumboti, “Endai, munovaka zvikoro.” Akati, “Paridzai Shoko.”

104 Ndipo pavanoRiramba. Kwete kuita zvikoro, zvipatara, nezvakadaro. Izvozvo zvakanaka, asi handiro basa reChechi. Basa ravo ndere kuparidza Vhangeri, asi takaita zvimwe zvinhu zvese kunze kwaizvozvo. Uye takatsauka, sezvakanangoita Satani, ndokuzvihenganisa nerimwe Vhangeri, chimwe chinhu, nechimwe chinhu, kusvikira zvaita mubatanidzwa pasina. Huori, kunyange yedu yose, pasi rose! Tarisai muhwezvwa wenyika.

105 Ndichiverenga *Reader's Digest*, pano nguva pfupi yapfuura, apo vasikana vadiki vari kusvika pazera rekusabereka, nevarume, kushanduka kwehupenyu, pakati pemakore makumi maviri nemakore makumi maviri nemashanu okuberekwa. Vari kupfuura nemuzera repakati rehupenyu. Kuora, (sei?) nokuda kwekunzvera kwesainzi kwechikafu nezvinhu zvakanakuyiwa, kubva pane zvinhu zvakanakwa zvatinoanira kuisa mumutumbi wedu. Hapana zvatiri kunze kwebutwa rakaora riri kuzofa.

106 Zvino, ndizvo zvakanakawo chechi, zvakanakare. Iri muchimiro chimwe chete.

107 Iye mufananidzo. Ine hunhu humwe chete hwakanakosha paMweya, hwakanakihwa kwaIri, kuchengetedza Mweya neShoko, nokurega kuita hupombwe nechimwe chipi zvachokwenyika kana chero chinhu. Yogara iri mhandara kuShoko, semudzimai anofanira kugara akatendeka kumurume wake. Ruvimbo rwakayereswa, kukudza Shoko raIshe waKe kupfuura dzidzo yose yakagadzirwa nevanhu, huchenjeri, sangano rose riripo. Kereke yakapanikwa kuvimbika ikoko.

108 Kana vakati, “Zvakanaka, chechi yangu. . .” Handina basa nezvinotendwa nechechi yako. Kana zvichipesana neShoko raMwari, gara kure nazvo.

109 Bhaibheri rakati, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Marko 16 yakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Kana chechi ikapanikwa zvinopesana neIzvozvo, usadaro. Ifa kune chinhu ichocho. Bereka patsva, muShoko raMwari. “Endai munyika yose muparidze Vhangeri kuzvisikwa zvose.” Ndiko kwaRinofanira kusvika. “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda, munyika yose, uye nechisikwa chose chichatenda.” Munoono kutsauka kwatakaita kubva kwaRiri? Chokwadi. Asi Mudzimai ane mungava kwaRiri.

110 Asi tarisai izvo, Hollywood, yabvisa hunhu kubva kumadzimai edu.

111 Ndakagara pano ndakatarisa chembere inodikanwa, Hanzvadzi Schrader, madzimai akawanda pano, nekumashure, neHanzvadzi Moore vari nechekuno uku, madzimai echikuru anorangarira makore mashoma apfuura. Dai vanamai vavo,

kunyange ivo, vaininge vakafamba kunze mumugwagwa, nemafambiro anoita vamwe vakadzi ava nhasi, nhengo dzechechi, vangadai vakavharira mukadzi iyeye nokuda kwakupenga. “Akanganwa kupfeka rokwe rake.” Saka, kana kwaiva kupenga mazuva iwayo, kupenga nhasi.

¹¹² Zvino, tarisai, nyika yose inozviratidza kuti yave kupenga. Honai humhondi nezvinhu zviri kuitika panyika nhasi. Maona? Kupenga!

¹¹³ Chinhu chacho chose chiri kuuya kuzozadzikisa Zvakazarurwa. Tinogona kusvika kwazviri, vhiki rino. Apo, zvinhu zviya zvinotyisa, izvo zvisiri zvepakutanga. Izvo zvinhu zvepamweya, zvinoita kuti vanhu vadanidzire kumatombo nemakomo, nezvimwe zvinhu zvose, kuti zvivawire.

¹¹⁴ Kupenga kuzere, kwakakwana kuchapindwa nenyika ino, iko zvino, kwava pedyo zvino. Handiti, munoona matsimba azvo. Hezvo pazviri. Zviri—zviri kufamba mumigwagwa, kunyatsopinda mumabhenji emucheche, kupenga kuzere, kuita zvinhu izvo munhu aisambofunga kuita iye akakwana mupfungwa.

¹¹⁵ Tarisai zvakaitwa neHollywood kumadzimai. Honai zvazviri. Yakabvuta hunhu hwakayereswa hwechidzimai. Taigona kuramba, tichienderera. Maona?

¹¹⁶ Zvose izvi akarasikirwa nazvo. Akazviita sei? Nekuti pakava neturusi rine hunyengeri rinonzi chechi, sezvazvakaita mubindu reEdheni. Munhu ane hunyengeri, dhiyabhorosi, akapinda muchechi sezvaakaita mubindu reEdheni, ndokumunyengera kwazviri. Akanyengerwa. Mudzimai anofunga; haadi kuita chakaipa.

¹¹⁷ Evha aisada kutadza. Haana kuita achida. Asi iye... Bhaibheri rakati, muna Timotio weChipiri, Timotio weKutanga 3, “Akanyengerwa.” Zvino *kunyengerwa* handi apo paunozviita uchida. Ndeapo paunonyengerwa kuti uzviite.

¹¹⁸ Uye ndizvo chaizvo zvaitika nhasi. Anyengerwa, neterevhizheni, nemagazini, nevanhu ava, izvi, zvinhu zvose zvakanaka izvi zvavari kuenda, kunze mumugwagwa. Vasikana vechimanjemanje, vanotarisa mamagazini nekutarisa mifananidzo. Vanotarisa mumugwagwa. Vanoona hanzu muzvitoro. Kuti Satani, turusi huru iya ye—yegehena, akadzika pakati pevanhu ndokuvanyengera kupinda muzvinhu izvi! Uye mudzimai anofunga kuti ari kuita zvakanaka. Uye akafa asingazvize. Ari kure naMwari. Munoona kuti arasikirwa sei nezvinhu zvose izvi, uye kuti zvaiva nemano zvakadini?

¹¹⁹ Nhasi uno, ndinoda kuti mucherechedze. Jesu akataura pamusoro pazvo. Zvakare, kana muchida kuzviverenga, Jesu akataura kuti chinhu ichi chaizoitika (Maizviziva here?) mumaawa aKe ekupedzisira, Ava kuda kunorovererwa.

Ngatingozviverengai, Mutsvene Ruka, chitsauko che—chechi 23, uye kwechinguvana, sechidzidzo cheSunday school. Kutanga pandima 27, ndinotenda kuti ndakazvinyora pano. Jesu achienda kuKarivhari. Teerera pandiri kuzviverenga. Zvakanaka. Mutsvene Ruka 23:27, ndinotenda, ndipo patiinazvo. Chinyorwa changu chakaitwa nenzira iyoyo. Hongu. Hezvinoi zviri pano.

Akateverwa nevanhu vazhinji-zhinji, na . . . vakadzi, vaimuririra nokumuchema.

Asi Jesu akatendeuka kwavari akati, Vakunda veJerusarema, musandichema ini, asi muzvicheme imi, nevana venyu.

Nokuti, tarirai, zuva—mazuva anouya, . . . ayo avachati, Vakaropafadzwa vasingaponi, nechizvaro chisingatongobereka, nemazamu asina kuyamwisa.

¹²⁰ Fungai, nhasi, zvinonyadzisa kuti mudzimai ave nemwana. Maona?

Musi uyo muchatanga kureva kumakomo muchiti, Wirai pamusoro pedu; nezvi- . . . nekuzvikomo, Tifukidzei.

Nokuti kana vachiita izvi kumuti munyoro, wakaoma vachautireiko?

¹²¹ Kutaura pamusoro pezuva iro madzimai vanenge vasingazode vana zvakare. Vanoda imbwa kana kitsi, kana chimwe chinhu chakadaro, asi haachada vana zvachose. Sei? Iye “NdiMai Hubbard Vakwegura” kana akaita mwana. Maona? Haadi. Ndiko—ndiko kutaura kweHollywood. Haidi kuti mudzimai wayo ave “Mai Hubbard Vakwegura.” Saka iye, murume kana mudzimai anoitwa imwe oparesheni paari, kuti, zvivaite kuti vasabereke vana. Havadi vana.

¹²² Jesu akataura pamusoro pazvo. Zvino Akataura kuti kudini? “Panguva iyoyo vachatanga kudanidzira kumatombo nemakomo kuti “Tiwirei.”

¹²³ Achaita zvekuti asabate pamuviri, kuitira kuti agone kuenda kumapati. Haadi kunetsekana nekurera mwana. “Zvinomukanganisa chimiro. Kana abata pamuviri, zvinodaro, panomukanganisa chimiro. Haazoratidzike sezvaaiva.” Uye murume wake, haana ruzivo rwakakwana kumusiya achiita izvozvo. Haambomupe mwana.

¹²⁴ Jesu akataura pamusoro pazvo. Uye Akati, izvo, “Pavanenge vave kuita izvi, panguva iyoyo vanobva vatanga kudanidzira zvino kumatombo kuti avawire.” Kuuya kwaShe.

¹²⁵ Vanobhadhara mari yakawanda kuitira kuti, varere kitsi, neimbwa. Ndizvozvo. Anofanira kuwana chaanorera, nekuti hunhu hwaakapihwa naMwari.

126 Ndinocherechedza. Ndinovhima mhuka hombe. Chitsere munguva yechirimo, kana chichinge chasangana nemukono wacho, chine vana zvino vanoberekwa. Ihanda dzakati kurei zvino, zvichida dzinorema mapaundi zana kana kupfuura. Chinodziita kuti dzihwande dzakazorora pachadzo, nokuti chiri kuzobereka vamwe vana. Vanozvarwa muna Kukadzi. Chitsere hachina zvachinoziva pamusoro pazvo.

127 Dzinozvarwa dziri mumasaki madiki. Kuti Mwari vanodziita sei kuti dzizarure masaki aya dzoga, pachezvadzo, madiki... sesaga diki recellophane. Dzinowana nzira yadzo. Amai vacho vakafa nehope. Hapana chavati vambodya kubvira muna Gumiguru, uye uyu ndiKukadzi. Dzinouya dzoyamwa kusvika pakati paChivabvu.

128 Zvino pachinoona vana vacho, vanenge vatokura, vachirema zvichida mapaundi gumi nemashanu, gumi kana gumi nemashanu mumwe chete. Vakayamwa kubva pachiri. Kuti chinowana sei mukaka, huchenjeri hwaMwari. Chinorarama, chega, chobuditsa mukaka wekupa vana vacho.

129 Zvino kana chikasabereka, chorega kuva nevana, chinoenda kunotsvaga avo vegore... handa dzegore rakapfuura, chodzichengeta muzhizha rose, nokuti hunhu hwakapiwa naMwari. Chinofanira kurera chimwe chinhu.

130 Zvino kana mudzimai akasaberekera murume wake mwana, achatora imbwa kana kitsi, kana chimwe chinhu. Anofanira kurera chimwe chinhu. Hunhu hwepamasikirwo. Asi kuberekera murume wake mwana, nekumuchengetera kushumira Mwari, hazvitombori mumaitiro ake zvachose. Anofanira kudaro. Oh, anozo... Oh, anozonyara zvakadini, kana akadaro, nekuda kwesosaiti yake inoda chivi yemhando yemadzimai a 1965 uno.

131 Mufananidzo chaiwo wechechi yechimanjemanje nhasi uno! Kunyange chechi yechimanjemanje haitomboda chimwe cheizvi pano, vanosheedzera, kudanidzira, kutaura nendimi, Mabasa 2:38 vechidiki vakamukomberedza. Hongu. Hongu. Maona? Hongu. Haadi kana mumwe chete wavo kuti adanidzire, nekuchema, nekusheedzera, "Ameni! Hareruya!" Handiti, mwana akadaro anokurumidza kudzingwa kubva musangano. Vakava nemumwe akaita saiye mumachechi, handiti, vanomukandira kunze nekukurumidza.

"Sei muri kurega zvinhu zvakadaro zvichiendeka?"

132 Saka, munoona, akabata pamuviri pechimwe chinhu, nokuti ari kubereka nhengo nguva dzose. Asi haadi kuti pave nemumwe wavo anodanidzira, kusheedzera, kurira, Mabasa 2:38, zvisikwa zvinosuwisa ndizvo zvaanofunga kuti vari. Zvingamunyadzisa chose. Zvaizomuvhiringidza nechechi yake yakadzidza, ine tsika, yesosaiti yesainzi yaari nhengo yayo pano. Vanozumukandira kunze, pamusangano unotevera. Haagone

kuva nazvo. Saka haadi kubata pamuviri peShoko, nokuti ndiyo mhando yega inogona kuberekwa neShoko.

¹³³ Chakaberekwa neMweya waMwari, chine Mweya waMwari machiri. Hapana kujoinha chechi zvenjere nekuenda kuzvitendwa, vhudzi rakagerwa, kumeso kwakapendwa; hakuna chinhu chakadaro maRiri rose. Hauzviwane muShoko raMwari. Unowana mwana wechinyakare, akacheneswa, akazadzwa neMweya Mutsvene, akaberekwa neMweya waMwari, achichema, kudandizira, kusheedzera, achirumbidza Mwari.

¹³⁴ Haagone kuzvisvikira zvachose. Haadi Izvozvo. O, kwete, changamire! Kwete, zvachose. Anotei zvino? Saka anounza “katsi” mbiri, dzakapenda kumeso, dzinopfeka zvikabudura, dzesosaiti yaJezebheri, dzehupombwe, sekudana kwavanoita, ndinofunga ndizvozvo. Maona? Ndinofunga kuti vanodzidana kuti kitsi. Maona? “Honai kitsi iri kuenda uko,” vanoti, kana chimwe chinhu chakadaro, munoziva.

¹³⁵ Akaberekwa, kana kuroorwa, ndokubatanidzwa nemurume wake wekutanga, Adhama wepakutanga, nemudzimai wehupombwe, Evha, mudzimai waAdhama wekutanga. Unoti, “Hupombwe?” Zvokwadi aiva akadaro. Asi, o, anokambira kuti Adhama uyu, Adhama uyu wekutanga, akafa. “O, chokwadi, akafa kare-kare. Ndakabarwa patsva, zvakare,” akati, “uye zviokwazvo ndakaroorwa naAdhama weChipiri, Kristu, Shoko.”

¹³⁶ Sei? Tarirai zvaanoda. Tarisai mudiwa wake, munoda kuona kuti ari murudo naani. Shoko rinotaura *Izvi*, asi akati, “Chechi yangu inotaura *izvi*.” Saka ari murudo naani? Ndiani murume wake? Zvibereko zvake zvinoratidza zvaari. Ndizvozvo chaizvo, zvinoratidza zvaari. Cherechedzai. Akazvarwa, kutanga, kuna Adhama, nokuti ndiko kuberekwa kwake kwepanyama. Maona? Zvino haana kumbobva ipapo. Iye munhu anoda zvenyika. Anokambira kuti akaberekwa kechipiri, kuna Kristu. Asi mudiwa wake, cherechedzai, achiri, Adhama, nokuti anoda nyika.

¹³⁷ Uye chimwe—chimwe chinhu, cherechedzai mhando yevana vaari kubereka. Ivo vanoratidza kuti Baba vavo ndiani, kuti ndiAdhama wekutanga here kana Adhama weChipiri. Kana Chechi ikabereka mwana waAdhama weChipiri, anozvibata nemazvibatire aAdhama weChipiri, sezvavakaita neZuva rePentekosti. Ndivo chaivo vana vechokwadi vaAdhama weChipiri. Maona? Ndizvozvo. Hunhu hwavo hwakaita sehwebaba namai. Hongu, changamire. Vanasikana wake, vanopenda kumeso, vakagera vhudzi, vachipfeka hanzu dzevarume, midhebhe. Bhaibheri rakataura kuti mudzimai “asazviite.” Iye anogera vhudzi rake. “Chinyadziso kwaari.”

Unoti, “Nyarara, pamusoro pazvo.”

138 Ndizvo zvinotaurwa neShoko. Ndiri kungonongedzera pane zvakasikwa. Ndizvo zvaanoita.

139 Vanakomana vake, vanakomana vake vakazvarwa kubva maari, vanozembera padzidzo, kuenda kuchikoro, chimwe chikoro cheBhaibheri, sokutaurwa kwazvo, imwe koreji huru yakavambwa kare, achivachechenya, nemune zvakaita sechirindiriro. Vanotsvaga masangano, vanamati kunge Kaini, vangori vehupombwe kuShoko sezvakaita Kaini; ndizvozvo, vangori vehupombwe sezvakaita Kaini, chokwadi, vatsvagi vemasangano. Munoono zvazviri?

140 Mwari Havana kumbobvira vagadzira sangano. Vakagara vachipesana naro. Shoko raVo rinopesana naro.

141 Asi vanobatirira pariri, saka muri kuona zvavari kubereka. Zvinoratidza kuti baba namai vavo ndiani. Ndizvo chaizvo. Ndizvo chaizvo. Sekungova vehupombwe saKaini. Ndiyo mhando yemwana waakabereka kubva kuna Evha. Vakatsauka kubva paShoko, zvino tarisai zvaakabereka. Ndizvo chaizvo zvakaberekwa nechechi, chinhu chimwe chete.

142 Ndinogona kuzviratidza kwamuri, neShoko, kuti ndiko kwakabva dzidzo nekubudirira, nekuna Kaini. Ndizvozvo chaizvo. Nokuti vanokambira... Asi ivo—ivo vanozviti vanakomana vaMwari, asi vakaberekwa nesangano, vakadzidziswa nechikoro chesangano, zvimwe zvose. Ndizvo chaizvo. Vanyengeri, vane njere! Ini zvangu! Ndizvo zvaivawo nyoka, baba vavo. Ndizvozvo. Vanongori vaparidzi vanonyengera vesainzi sezvaiva Kaini. Maona? Ndicho chinhu chacho chimwe chete.

Unoti, “Hama Branham, ichokwadi here?”

143 Vhurai kuna Genesi 4:16 muone. Dzokai kuno muna Genesi 4:16, kweminiti, muchaona zvakaaitika.

*Ipapo Kaini wakabva...pamberi paJEHOVHA,
akandogara kunyika yeNodhi, kumabvazuva
kweEdheni.*

*Kaini akaziva mukadzi; wake akatora mimba,
akapona Enoki: akavaka guta, akatumidza guta, zita...
remwanakomana wake, Enoki.*

144 Kudzika zasi kuna Tubhari, zvichidzika, nokuti vakatanga, kuva vagadziri vezviridzwa, mumhanzi, nezvakadaro. Budiriro yakauya naKaini, ndizvozvo, achivaka maguta, zviridzwa. Vanhu vesainzi vakaunzwa naKaini, mbeu yenyoka. Zvino cherechedzai ndima yechi 25.

Adhama akazivazve mudzimai wake;

145 Zvino, akamuziva kamwe chete akabereka vana vaviri. Nzverai Magwaro. Akabereka Kaini naAbhero. Chiitiko chimwe chete, uye vana vaviri. Unoti... .

¹⁴⁶ Vakandiudza, nguva shoma yapfuura, kuti hazvaigona, kuitika. Tine nyaya kuHollywood. Hollywood? Tine nyaya kuTucson izvezvi, iri mudare remhosva. Mudzimai akabereka mwana wechitema nemwana wechichena, panguva imwe chete. Vakati haagone kuzviita. Anogona kutakura mbeu mbiri dzinogona kuunza upenyu, zvakare. Vanayo mudare remhosva izvezvi. Ndinoziva kuti imbwa dzinozviita. Mhuka dzinozviita. Uye asvikapo, muchena akati, “Ndichariritira mwana wangu, asi kwete uyo.”

¹⁴⁷ Zvino mudzimai akareurura. Akararama nemurume wake mangwanani iwayo, uye nemurume wechitema masikati iwayo. “Kana zvikaitika,” chiremba anodaro, “mukati memaawa makumi maviri nemana, zvichaitika kana paine imwe mbeu ine hupenyu imomo.” Uye zvino mudzimai akazviita.

¹⁴⁸ Uye ndizvo chaizvo zvakaitika pano. Kaini kuti . . . Satani, mangwanani iwayo, munyoka; naAdhama, masikati iwayo. Apo iye . . . Zvino akabereka vana vaviri.

*Zvino, Adhama akazivazve mudzimai wake (rwepiri);
akabereka mwanakomana, . . .*

¹⁴⁹ Rangarirai, hapana nzvimbo muBhaibheri pakambonzi Kaini aiva mwanakomana waAdhama. Rakati, “Aiva weuyo wakaipa,” kwete Adhama, “dhiyabhorosi.”

*. . . akazivazve wake (kechipiri), akaziva . . . uye
akazova nemwanakomana, akamutumidza zita rinonzi
Seti: Nokuti Mwari, mudzimai akati, wandipa . . .
(Aisava Mbeu yacho chaiyo.) . . . wandipa mumwe
mwana pachigaro chaAdhama, zvaakaurawa naKaini.
Saka . . .*

*NaSeti, wakaberekerwa mwanakomana;
akamutumidza zita rinonzi Enoshi: nenguva iyo vanhu
vakatanga kudana zita raJEHOVHA.*

¹⁵⁰ Kwete nekuna Kaini, rudzi rwedzinza iroro, asi kubva kudzinza raSeti.

Saka, “Kaini ndiye wacho wakaipa.” Ndipo pakauya nyoka.

¹⁵¹ Zvino cherechedzai. Bhaibheri rinotaura pachena pano, kuti, “Murume wake wekutanga anofanira kufa,” kwete kungomuramba. Anofanira kunge afa.

¹⁵² Ndichangopedza kuparidza pamusoro peKuroorana NeKurambana, uye mose munoziva pamusoro payo. Handisi kutaura zvino, pamwe chete, kuungano ino pano, asi kunyika yese. Zvakanaka. Zvino munoono zvakaitika ipapo, mune Kuroorana NeKurambana. Apo iyo . . . ? . . . Zvisimbiso Zvinomwe zvakarurwa, ndizvo zvakaunza Chokwadi chaicho chazvo.

153 Saka, kuti uroorwe naAdhama weChipiri, Kristu, Shoko, unofanira kuzvipatsanura nerufu, kubva pamurume wako wekutanga wemasangano, nokuti hapana mumwe wavo anogona kutora Shoko rese raMwari. Chingondiratidza kwaari iyeye. “Oh,” unoti, “wangu.” Mumwe muchinda anoti wakewo, zvakare. Vaise pamwe chete, uye uchaona kuti vese vaviri vakarasika, paunongoita sangano. Verenga Zvakazarurwa 17. Saka, unona, unofanira kufa kubva pachinhu ichocho.

154 Zvino, handisi kutaura kuungano iyi yepano. Ndiri kutaura kumunhu wese munyika yese. Unofanira kufa kumurume wako wepakutanga. Kana wakabatanidzwa naKristu uchiri wakaroorwa kusangano, uri mhombwe. Uri Raodhikia.

155 Chechi iri munyika yese, tiri kutevera Jesu Kristu, Shoko. Kutu uve muMwenga, unofanira kunge wakaroorwa patsva kuShoko raMwari, rinova Kristu. “Pakutanga kwaiva neShoko; Shoko rakanga riri kunaMwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.”

156 Kana bedzi uchingoramba wakabatirira patsika dzevanhu dzemasangano, unonzi, muShoko raMwari, “mhombwe.” Chero bedzi uri mutsvagi wezvitendwa zveemasangano, uri nhengo yechechi yesangano rinoramba Shoko, uri “mhombwe,” ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.

157 Jesu wakati, “Haugone kushumira vanamwari vaviri panguva imwe chete. Unongoshumira Mwari kana kuti pfuma.” *Pfuma* i “nyika.” “Uyo anoda nyika, kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harwusi maari.” Mbeu yaMwari haigone kuva maari panguva imwe chete (rudo rwaMwari) rudo rwenyika rwurimo imomo. Kana Mbeu yaMwari ichibata nemaari, ndiro Shoko raMwari. Rudo rwepanyika harugone kuva imomo panguva imwe chete. Zvino riripi vhudzi rakagerwa, nezvikabudura, nezviso zvakapendwa? Zvino zviripi?

158 Haugone kuva wakatendeka kuna Kristu, Shoko raMwari, woshumira sangano rakagadzirwa nevanhu panguva imwe chete. Zvinopesana neShoko. Pauro akataura pano. “Papi?” VaRoma 7.

159 Zvino haungatombobereka vanakomana vaMwari, veShoko raKe, kuboka iri resangano rehupombwe. Haugone kuzviita. Muchirindiriro chako, haugone kubereka mwanakomana weShoko raMwari. Ndiri kutaura kuchechechi. Asi munongokambira kuva vanamati. Ndizvowo zvaiva Kaini, mwanakomana wechipfeve Evha, aiva akanyura muzvinamoto, akavaka maartari ndokupirisa zvibairo, ndokubhadhara chegumi chake ndokuita zvose zvingaitwa nemumwe munhu wese anonamata. Asi akatadza kuchengeta Shoko iroso. Akatadza kubata chizaruro.

160 Zvino chizaruro ndicho chinhu chega, kuzarurwa kweShoko. Chii icho... Chizaruro chii? Jesu akati, “Padombo

iri ndichavakira Chechi yaNgu, uye masuwo ehadhesi haangatongoIkurire.” Kutenda chizaruro; nokuti Kutenda kwakazarurwa kwauri.

¹⁶¹ “Abheri, nekutenda, akapira nechizaruro (Kutenda), akapa kunaMwari chibairo chakanaka kudarika chaKaini.”

¹⁶² Kaini aifunga kuti vakadya maapurosi. Vachiine pfungwa iyoyo, asi handizvo. Hwaiva hupombwe, mbeu yenyoka. Zvino paya Zvisimbiso Zvinomwe pazvakazarurwa, zvakazvireva nokuzvisimbisa. Bhuku rangu richangobuda pamusoro pazvo. Ndinofunga kuti tine chiuru pano zvino. Maona? Cherechedzai. Zviri Mumagwaro, kubva munaGenesi kusvika kuna Zvakazarurwa.

¹⁶³ Panguva yekuguma, miti yose miviri iri kuuya kumbeu nekuzviratidza. Hepano patiri, iye nhasi, Raodhikia neMwenga, zvakanyatsojeka nekunaka sezvazvinogona kuva muMagwaro, uye zviri pamberi pezviso zvenyu chaipo. “Haugone kushumira Mwari nenyika.” Haugone kuva Mukristu ane hunhu anotenda Bhaibheri wozvibatidza nezvinhu zveasangano. Haugone kuzviita panguva imwe chete. Mumwe anofanira kufa, oita kuti mumwe wacho ararambe.

¹⁶⁴ Haugone kunyange kubereka mwanakomana weShoko raMwari. Kunyange chechi haigone. Havadi kana mumwe chete weavo, vana vanochemba, vanodanidzira nekutaura nendimi, nezvinhu zvose izvozvo. Ivo, haugone kuita izvozvo muchechi yesangano. Havakude. Havavaunze saizvozvo. Vanovatora vovakwazisa maoko zvino voti, “Kana uchitenda, unaWo. Chero wangois zita rako mubhuku bedzi, ndizvo zvega zvaunofanira kuita.” Maona? Ivo—ivo vana vehupombwe kuShoko, vachiri kungokambira kuva vanamati.

¹⁶⁵ Saka, kubata pamuviri penjere neruzivo rwaSatani, ndizvo zvaita chechi! Vanotumira vanhu vavo kuchikoro, kuti vanodzidzira matauriro anoitwa “ameni” zvakakanaka. Vanodzidza kutaura zvinhu zvose izvi, vova vananyanjere. Chii? Kupihwa pamuviri nadhiyabhorosi. Satani akapa Evha pamuviri nei? Kusatenda Shoko, kune venjere, vananyanjere, uye zvakavhiringidza zvisikwa zvose. Ndzivo chaizvo zvayaita muShoko nhasi, chechi. Yazviwanira pamuviri nezvikoro nemakoreji eBhaibheri nhasi, nezvinhu zvakadaro, kuverenga, kunyora, svomhu, uye hapana zvavanzvira pamusoro paMwari semuHottentot pamusoro peusiku hwemuEgipita. Vanzvira zvitendwa zvavo zvose, mabhuku emunamato, nezvimwe zvose, asi hapana chavanzvira pamusoro paMwari.

¹⁶⁶ Vanzvira panosimbiswa Shoko, Mwari pavakataura kumashure uko ndokupa Shoko raVo kuzera rega-rega sekuuya kwavo. Hepano pakauya Nowa, uye akaparidza chizvarwa ichocho.

167 Zvino, ko dai Mosesi akauya, oti, “Ngativakei areka”? Ainge asarira kumashure chose. Asi aiva muporofita. Aiva zvakazarurwa yaMwari.

168 Mwari vakazvisimbisa kuva Chokwadi. Vakatora ndokuunganidza vana, kubuditsa Israeri, ndokuratidza Shongwe yeMoto pamberi pavo, ndokusimbisa muporofita; ndokutaura chaizvo izvo zvaVaizoita, uye Vakazviita.

169 Vakati, “Mwari ngavasataure. Regai Mosesi ataure, tingafe.”

170 Akati, “Handichazotaura kwavari nenzira iyoyo zvakare, asi ndichavatumira vaporofita, uye ndivo vachataura.”

171 Hapo paiva pakamira Isaya, akati, “Mhandara ichabata mimba.” Murume akaita saiye muzuva iro... Ko mhandara ichabata mimba sei? “Kwatiri kwaberekwa Mwanakomana: Mwana aberekwa, tapihwa Mwanakomana. Zita rake richadanwa kunzi: Gota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba Vokusingaperi. Pachigaro chababa vaKe, Dhavhidhi, Achatonga. Pachange pasina magumo kuHumambo hwaKe.” Ko zvichaitika sei? Aisaziva. Akangotaura bedzi zvakataurwa naMwari. Zvinopfuurira kufungidzira kupi zvako, kwenjere. Zvinopfuura kunzvera kupi zvako kwesainzi. IShoko raMwari.

172 Zvino tinodzidzisa vadzidzi vedu vamaseminary dzidzo dzakasiyana-siyana dzeBhaibheri nezvinhu zvakadaro, dzidziso dzakaitwa nevanhu, ine boka rechechi riri Raodhikia chaiyo, sezvakataurwa naMwari kuti zvaizova. Oh, ini zvangu! Pandinotarisa izvozvo, uye zvoita kuti ndidedere. Kubata pamuviri nemaonero enjere! Unofanira kuva wakafunda kuhigh school usati watombopinda. Unofanira kuva... unofanira kumira pamberi pachiremba wepfungwa usati wagona kugadzwa.

173 Ungafungidzira here Petro, Jakobho, naJohane vachienda pamberi pachiremba wenjere? Rangarirai zana nemakumi maviri kumusoro kuya, vaisatombogona kana kunyora mazita avo? Kumira pamberi pachiremba wenjere, kuona kana ivo... kana kwese kwavo... kana kudavira kwavo kwanga kwakanaka zvakanakwana, nezvakadaro? Vaiva nekudavira kwemuviri, asi zvaisava maonero enjere kana kunzvera kwesainzi. Zvaiva kubudikidza neSimba raMwari. PaRakavarova, hapana chimwe chavakaziva kuita kunze kwekungoita zvakakanzi neMweya Mutsvene vaite. Havana kumboteerera kunaani zvake nyanjere, zvakataurwa nechechi, uye zvakataurwa nevaprisita, zvakataurwa nauyu, zvakataurwa neuyo. Vakafamba neMweya; varume vasina kutya.

174 Johane weKutanga 2:15, Akati, “Kana uchida nyika, kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harutombori mauri.” Maona? Saka unogona sei kubata pamuviri peShoko raMwari

rinopomera nyika, rinopomera Hollywood, rinopomera fashoni yayo yose, rinopomera mapati ese aya nekuendeka, nezvavanoti vanoita muzita rechinamoto? Rinozvipomera. Ko Shoko ringapa munhu pamuviri sei: ko mukadzi akagera musoro, akapenda kumeso, nokupfeka zvikabudura?

¹⁷⁵ Ko muparidzi, angaenda sei kunze uko kuseminari, otarisa Mabasa 2:38 oona kuti hapana munhu muBhaibheri akambobhabhatidzwa nemadunhurirwa iwayo, uye oramba achiti ane pamuviri peShoko raMwari? Ari kukuudza manyepo! Akatengesa hudangwe hwake. Akaita hupombwe zvinopesana neChinhu chaicho chaakataura. Akarambwa, mukurambana.

Mwari vachazova neChechi ine hunhu, chaizvoizvo, Mwenga.

¹⁷⁶ Bhaibheri rakati, “Shoko harisi mauri.” Saka vana rudzii vauri kubereka? Kupihwa pamuviri nemasanganano. Hapana kumbova nerufu rwekukupatsanura kubva pamudiwa wako wekutanga.

¹⁷⁷ “Vana Jones vanozofungei kana ndikatanga kuchema nekutaura nendimi? Vanofungei kana ndikabhabhatidzwa patsva?” Hazvina kana maturo! Wakaroorwa nevekwaJones here? Kana kuti, wakaroorwa nechechi here? Kana kuti, wakaroorwa here naKristu, Shoko?

¹⁷⁸ Zvino, ndokusaka ichiri kubereka vana vake. Ine vana vakaita sei? Heano mamwe emazita avo avanodana nhasi: kitsi, zvimbuyu, zvidhanana, vanaRicky, vanaRicketta. Kitsi, zvimbuyu, inhengo dzechechi. Chokwadi. Vose vanakomana vake, vanakomana vaKaini, vanova vana vechikara chinonyengera, vakatsetseka sekukwanisa kwavo kwese.

¹⁷⁹ Zvino nyatsotarisa kwechinguvana, nemeso ako epamweya, pamwoyo wako. Chingotarisa pakakupoterredza. Ndiri kutaura kunyika yose zvino. Tarisai kwemaminitsi mashoma, imi kunze uko kuBranham Tabernacle, imi kumatabhenakeri ari kuWest Coast, neArizona, nekumwe kwese kwamuri. Zvitarisei kwemaminitsi mashoma. Unoti, “Mharidzo iyo yamuri kuparidza, Hama Branham, handizvo.” Zvitarise pachako zvishoma. Rega Mweya Mutsvene unzvere mifungo yako neShoko, uchawirirana neMharidzo. Tendera Kristu, Shoko rakazodzwa, rinzvere hana yako. Murege apinde mauri, uone kuti ndiZvo here kana kwete. Uye chingori chinhu chimwe chete bedzi kana zviviri zvandareva, ipo paine mazana azvo.

¹⁸⁰ Bhaibheri rinowirirana here nekuti mukadzi agere vhudzi rake? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Bhaibheri rinotenda here, kuwirirana nerubhabhatidzo rwemuhutatu, muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene”? [“Kwete.”] Hapana zvakadaro. Bhaibheri rinowirirana here nemukadzi kuti apfeke hanzu dzemurume? [“Kwete.”] Zvakanaka, chingotora zvitatu

izvozvo, ipo paine mazana mamwe. Zvinzvere muChiedza cheShoko raMwari.

¹⁸¹ Unoti, “Ndiri nhengo yechechi.” Ndizvo zvaivawo Kaini. Ndizvo zvaivawo Evha. Bhaibheri rakafanotaura, mumazuva ekupedzisira, kuti Raodhikia ichava zvimwe chetezvo.

¹⁸² Rega Mweya Mutsvene unzvere hana yako, uye uchawirirana naDhanieri 5:12. Mambokadzi paakauya pamberi paBherteshazari, akati akaona kuti kwaiva nemuporofita, Dhanieri, aiva pakati pavo, uye aiva munyungudutsi wekupokana. Iwe tendera Mweya Mutsvene. Ndiye Muporofita wezuva rino. Murege apinde mumoyo wako iye zvino onzvera neShoko raMwari, uye kupokana pamusoro peMharidzo kuchanyungudutswa kwese. Anonyungudutsa kupokana kwese. Unoona kuti, zvinyatsori paShoko rezuva rino.

¹⁸³ Haugone kuparidza mharidzo yaRuther nhasi. Inopinda maRi, asi ingori tsoka. Uh-huh. Uh-huh. Haugone kuparidza mharidzo yaWesley. Haugone kuparidza mharidzo yePentekosta. Tanyatsa kupfuura izvozvo. Vakaita sangano vakafa. Ivo idzinde.

¹⁸⁴ Dzinde rakauya netsuri, ndicho chinhano chekutanga chechechi. Zvino, nokuti hazviratidzike sembeu yekutanga yakapinda muvhu, gorosi.

¹⁸⁵ Chepiri chakauya mukume. Iwoyo zvakare hauratidzike segorosi. Unoratidzika zviru nane sayo. Iri kuswera pedyo nechimiro chaicho chegorosi. Asi tsuri hadziratidzike zvachose segorosi rakapinda muvhu. Mutakuri wehupenyu hwaiva mugorosi. Asi wakaiti? Wakaita sangano, sekungopindana kunoitika zvimwe zvisikwa zvese nawo. Wakafa.

¹⁸⁶ Zvadarwo zvodini? Hupenyu hunomhanya huchipinda mumuchekechera. Hwava netumabhora tudiki—tudiki twakawanda twakaremba pauri, tunoratidzika setutsanga tudiki—tudiki mauri. Zvinoratidzika segorosi rechokwadi, asi harisi.

¹⁸⁷ Zvino hunodzika kupinda muchikwande. Zvino unounzei? Chikwande.

¹⁸⁸ Zvino, iwe tora mbeu yegorosi, gorosi parinotanga kubuda. Jesu akati, “Mbeu yegorosi. . .” Zvino iwe watora gorosi iroro worivhura. Unoritanga kubva padzinde. Woritarisa. Unoti, “Tine tsanga yegorosi.” Ngwarira. Rakangofanana negorosi, asi hapana kana chidimbu chegorosi mairi. Chikwande.

¹⁸⁹ Havo maPentekosti, “Chaizvo,” sezvakarehwa naMateo 24:24, “kunyengera Vasanangurwa mumazuva ekupedzisira, dai zvaibvira.” Asi ukangovhura shizha rimwe nerimwe, hauna gorosi. Gorosi riri kuseri chaiko kwacho. Maona?

¹⁹⁰ Zvino hupenyu hunobuda kubva musangano iroro, hwopinda mumbeu. Zvadarwo chii chinotika? Gorosi parinotanga

kukura, richikura kuitira kuti Rikwanise kufukidza chimwe chinhu, sangano rinobva kwaRiri. Sei tisina sangano kubva pane Iyi? Harizombovapo. Imbeu. Hakuna kumwe kwaichagona kuenda. Tave panguva yekumagumo. Saka Inofanira kuita sei zvino? Kurara muhupo hweMwanakomana, kuti iibviswe, ndizvo chaizvo, Shoko kuti riibviswe mumwoyo wako, kuti ribereke nekurarama zvatiri kutaura pamusoro pazvo. Hongu, changamire.

¹⁹¹ Zvino hauzombova nekupokana, kana ukaita kuti Mweya Mutsvene uRizarure kwauri, sezvakataura mambokadzi pamusoro paDhanieri.

¹⁹² Unogona kuti, “Ko zvese izvi zvine chii chekuita nekupa kutenda? Muri kutaura pamusoro pei, Hama Branham? Hezvino, quarter to nine. Hapana chamambotaura pamusoro pekupa kutenda.” IMharidzo yakadini kuchiitiko, kwandiri! Hongu, zvirokwazvo.

¹⁹³ Madzibaba epakutanga vaipa kutenda kukuru nokuda kwenzira itsva yehupenyu yavakanga vawana. Kuve vakapatsanurwa kubva kumasangano nezvitendwa zveChirungu chakare, vakange vokwanisa kuchiroorwa kuShoko idzva renguva yavo; ndizvozvo, Shoko idzva rakazodzwa rezera ravo, muzuva ravo.

¹⁹⁴ Saka tinokwanisa kupa kutenda, sevafambi, saAbrahama, takazvipatsanura kubva kuzvinhu zvenyika, vatinobata navo vose. Abrahama aiva mufambi. Mwari vakatipatsanura kubva kuzvinamoto zvese zvakafa. Ndiri kutaura kunyika yese zvino, zvitendwa zvese zvakafa. Uye kuchii? Vakatiipatsanura, ndokutizarurira nyika itsva, Mharidzo itsva yezuva rino.

¹⁹⁵ Pentekosti yakaoma ndokufa, sezvakaita Ruther, Wesley, nevamwe vese. Zvanguva boka remachechi akabatana pamwe chete. Vanhu vakanaka vari imomo, asi, vanofanirwa kubuda.

¹⁹⁶ Akaitei? Akazarura Zvisimbiso Zvinomwe zveMharidzo yekupedzisira. Mazvicherechedza? Zvisimbiso Zvinomwe, izvo, zvakavanzika zvese zvamazera manomwe echechi zvanga zvakasimbiswa neZvisimbiso Zvinomwe. Vavandudzi vakanga vasina nguva yekuzviita mumazuva avo. Havana kurarama nguva yakareba zvakakwana. Asi chizaruro ichi chakaropafadzwa cheZvisimbiso Zvinomwe, chakazarurwa kwatiri mumazuva ano ekupedzisira, kubva pachiporofita chakapihwa chekuArizona.

¹⁹⁷ Kubvunza Mwari kwandakaita, rimwe zuva, “Muri kuitei neni kunze murenje muno?”

¹⁹⁸ Maiziva here kuti Mosesi akanyora Testamende Itsva... kana kuti Testamende Yakare? Zvirokwazvo akadaro. Mabhuku mana ekutanga anopa murawu wezvose: Genesi, Eksodho, Revhitiko, naDheuteronomio. Akanyora Testamende Yakare.

Kuita izvozvo, aifanira kusiya vaaiyanana navo nevadikanwa, oenda mugwenga.

¹⁹⁹ Pauro akanyora Testamende Itsva. Ndizvozvo chaizvo. Akanyora vaRoma, nevaRoma neImwe yacho yose, vaHebheru naTimotio, nezvakadaro. Uye kuita izvozvo, aifanira kuzvipatsanura, nekudzika kupinda muArabia, mugwenga, kwemakore matatu, owana chizaruro chaMwari.

²⁰⁰ “Oh,” unoti, “ko Mateu, Marko, Ruka, naJohane?” Vaiva vanyori vaingonyora zvakaikwa naJesu.

²⁰¹ Pauro akapatsanura ndokubatanidza Shoko pamwe chete. Ndizvozvo. Zvakanaka, zvadaro, tarirai, kana zvakatora kudaro, uye nekutoenda mugwenga, kure nevadikani vavo. . .

²⁰² Rangarirai iya, *Inguvai, Changamire?* Vangani vakamboinza? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Yaiva yakananga chaizvo here? [“Ameni.”] Zvino tine chizaruro muzuva rino rekupedzisira, cheMharidzo yaIshe Mwari kuunganidza Mwenga waKe pamwe chete. Hapana rimwe zera yazvakambovimbiswa. Zvakavimbiswa muzera rino: Maraki 4, Ruka 17:30, Mutsvene Johane 14:12, Joere 2:38. Vimbiso idzodzi dzakangofanana naJohane Mubhabhatidzi akazvivisa nemuMagwaro.

²⁰³ Jesu akaZvivisa. Vakati kudini? “Dzingai munhu uyu!” “Johane mupengo.” Chechi haina kugona kuzvigamuchira. Ndiyo patani yacho. Kunyange chechi nhasi haisi kuzvigamuchira.

²⁰⁴ Asi, kuVasanangurwa, Mwari vari kudanira kuVasanangurwa. Vanozviva: kudana Mwenga ane hunhu hwakanaka, Shoko, Chechi yenguva yekupedzisira, Mudzimai akasanangurwa waIshe wedu Jesu Kristu, Shoko. Kana... Jesu iShoko. Vangani vanozvitenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Zvino, Mwenga wagara uri chikamu cheChikomba, saka Mwenga hauzova sangano. Unofanira kuva Shoko, rakaratidzirwa, kuva Mwenga waKristu. Vakavimbisa kuzviita. Vakataura maitiro aVakaita. HaAmboshandise... kurasikirwa nepatani yaKe. Akagara Achizviita nepatani. Akazviita, nguva dzose, nepatani iyoyo. Ari kuzviita zvakare, kudanira Mwenga waKe akarurama muzuva rekupedzisira, Rebheka akaisvonaka akamirira Isaka waKe. Inguva yakaisvonaka zvakadini!

²⁰⁵ Hepano zvinoisa pachena, mabhuku maviri achava chakavanzika kwamuri pamuchaverenga bhuku re*Mazera Manomwe EKereke*. Mabhuku maviri: Bhuku reHupenyu, zvikanzi, mumwe anoti ukaisa zita rako, hauzombodzimwa; mumwe woti unobvisa zita rake muBhuku reHupenyu. Izvi zvinonyatsa kuzviisa pachena, pano chaipo. Ndichambomira kwemaminitsi mashoma, zvichida, pamanotsi mashoma pano, tobata izvi tisati tavhara.

206 Hupenyu chinhu chinokosha, kunaMwari, uye hunonyorwa mubhuku. Mwari ndiye Muvambi wehupenyu. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

207 Hupenyu hwedu hwepano pasi, hwatinaho, hwakangotsveyamiswa. Chaizvo hunofanira kunge huri iwo hupenyu hwakafanira, kubva pakutanga, asi hwakatsveyamiswa nekuberekwa kwepanyama. Hupenyu hwepakutanga, kana kuti kubatanidzwa kwako kwekutanga, wakabatanidzwa pawakazvarwa, panyama, nechiiito chepanyama. Kubatana kwepanyama kwevanhu, murume nemudzimai pamwe chete, vachibatana pamwe chete mukusangana, kwakaunza hupenyu hwako hwepakutanga pano, uye hunobatanidzwa nechivi nerufu. Ko ungatadza sei kuona mbeu yenyoka?

208 Paunoona mudzimai, akabva pamurume; hapana chimwe chisikwa chikadzi chakaita saye; akagadzirwa nenzira iyoyo, achiziva kuti aikwanisa kunyengerwa. Mwari vaizviziva. Dai Vaisaziva magumo kubva kumavambo, zvino Vaisava Mwari. Dai Vasina magumo, dai Vasiri. . . Uye haVagone kuva vasina magumo ivo vasingazive zvose, vari kwese, nokuziva zvinhu zvose, Wokusingaperi. Saka Vaiziva zvinhu zvose, uye Vaifanira kugadzira mudzimai iyeye.

209 Murume akanga asina mudzimai. Mudzimai nemurume vaiva chinhu chimwe chete. Murume aiva nehunhu hwechidzimai nehwechirume maari.

210 Aitofanira kupatsanura, obvisa mudzimai, mushure mekusikwa kwese kwapera. Hapana chisikwa chikadzi chakasikwa naMwari, pakusika kwepakutanga, chinogona kuita chinhu chakadaro. Akagadzirwa akadaro, kuti azviite. Vaiziva kuti mudzimai aizodaro. Dai Vasina kudaro, Vaisava Mwari.

211 Asi, munoona, zvizenga zviri muna Mwari zvaifanira kuratidzwa. Ivo—iVo vaizova Muponesi. Uye kuita kuti zvinhu zvese zvirigane, nenzira yaVaiva nayo, zvino hapana chaizorasika. O, musava vana. Ivai varume nemadzimai. Tiri pamagumo enzira. Cherechedzai.

212 Zvino, zvaiva zvevasikirwo, zvabatanidzwa nerufu. Murume wako wekutanga, uyo aikutonga, waiva hunhu hwako hwepakuzvarwa panyama. Pamasikirwo, unoda nyika nekuti uri nyika, uye chikamu chenyika. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvishuwo zvako, pamasikirwe, kwaiva kuda nyika iyo yauri chikamu chayo. Uri chikamu chezvisikwa. Unozvitenda here? [“Ameni.”] Uye ndiwo masikirwo ako.

213 Ndicho chikonzero uchifanira kuberekwa patsva. Unofanira kupatsanura; unofanira kufa kumurume yu wekutanga. Haugone kurarama naye. Haugoni kungoti, “Zvakanaka, ndichamuramba, ndomurembedza apo kusvikira chimwe chitiko.” Kwete, changamire. Hapana chinyorwa

chekurambana! Anofa. Hunhu hwenyika hunofanira kufa. Chidimbu chose chake chinofanira kufa. Unofanira kubatanidzwa, zvakare, nehumble Hunhu.

²¹⁴ Zita rako rehunhu hwako hwekutanga, rakazvarwa, rikaiswa mune bhuku reupenyu. Uye mabasa ako ese akanyorwa mariri, zvakare. Zvose zvawakaita nehunhu ihwowo zvakaiswa mubhuku, rinonzi bhuku rehupenyu.

²¹⁵ Munocherechedza, muna Dhanieri, paainge ari kuzouya kune uyo “Akwegura paMazuva, Aiva nevhudzi rakachena semakushe. Zviuru gumi zvakapetwa nezviuru gumi vakauya naYe, kuzoMushumira; Mwe—Mwenga. Zvino mabhuku akazarurwa.” “Uye rimwe Bhuku rakazarurwa, raiva Bhuku reHupenyu.” Maona? Kuna vatsvene vatoriko nechekare, Chechi, Mwenga. “Rimwe Bhuku rakazarurwa, rinova Bhuku reHupenyu.”

²¹⁶ Zvino, iwe, asi pawakapatsanurwa kubva pakubatanidzwa uku, nerufu rwepamweya: Chishuwo chako chepanyama ndechekugera vhudzi rako. Chishuwo chako chepanyama ndechekupfeka zvikabudura, kupenda kumeso kwako. Chishuwo chako chepanyama ndechekuva nyanjere, munhu akachenjera, anoziva chimwe chinhu zviriri nane kupfuura mumwe. Ndizvo zvaidiwa naEvha. Ndicho chinhu chimwe chete chaaida.

²¹⁷ “Zvino, iwe! Kamuparidzi kasina maturo, muparidzi wenhando, ungamira pamusoro apo uchindiudzei? Ndine Ph.D., LL.” Zvinotowedzera kukubvisa panaMwari, nguva yese yaunowedzera chimwe chinhu. Maona? Maona? Ndizvozvo. Ichokwadi. Maona?

²¹⁸ Ndizvo zvaktorwa naEvha. Akabata pamuviri nemhando iyoyo yemimba. Ndizvo zviriri chechi nhasi, kubudikidza nezvikoro zveBhaibheri nevananyanjere. Uye, tarisai, munhu wese achipesana nemumwe, nyonganyonga huru chaizvo zvakataurwa neBhaibheri, “Bhabhironi.”

²¹⁹ Mwenga anoziva paAkamira. Vanhu vashoma kwazvo. Hapasi kuzoponeswa vakawanda; vanongova vashoma, vashoma, vashomanani kwazvo. Unoti, “Ko wani, apo, zvanzi, ‘zviuru.’” Hongu. Asi vakauya nemumakore zviuru zviriri, zvakare, muzera rega-rega raYakabuda. Kumbo . . .

²²⁰ Zera raRuther neboka iroro; uye ndokuzofa, vakaenda, vakaita sangano; zvararo Whisiri; zvino ndokuzouya mapentekosti, nezvakadararo. Uye nemapazi madiki ese eBaptisti, Presbyteriani, Methodisti, Nazarene, Pilgrim Holiness, nezvakadararo, munooona, vose ivavo vakaita mapazi akabvapo seshizha.

²²¹ Asi, munorangarira, payakadzika, gorosi rikatanga kuibva, muchaona kuti, gorosi iroro risati raibva, chinhu chese chiri

mudzinde iri chinofanira kufa. Hareruya! Hamusi kuona patimire here? Hupenyu hwave mugorosi zvakare. Chii? Chaizvoizvo setsanga imwe chete yakapinda muvhu, Jesu mumwe chete muchimiro cheMwenga, simba rimwe chete, Chechi imwe chete, chinhu chimwe chete, Shoko rimwe chete. Shoko rimwe chete rakasvetwa nemune ava zvino ndokubudira kuno, ndokuzouya kumusoro kuno. Uye Hupenyu hwese hwakapfuura nemuno, hwakanhonga vanhu vahwo. Zvino zvava kuumbika kuva musoro, kuitira Kubvutwa. Tichataura nezvazvo mangwana manheru, kana husiku huchatavera, ihwowo, Ishe vakatendera.

²²² Zvakanaka, wapakatsanuka kubva pakubatana kwako kwepakutanga, kubudikidza nerufu rwepamweya. Zvino wakaberekwa patsva, kana kuti kuroorwa zvakare, kune kubatana kwepamweya kutsva; kwete kwehupenyu hwako hwepanyama hwezvinhu zvenyika, asi kweHupenyu Husingaperi. Chizenga icho chaiva mauri pakutanga, chakakuwana.

²²³ Zvino, bhuku rako rekare rakaenda, nekubatana kwako kwekare. Zvino, zita rako mune rako rakare, mune rako... rakatamiswa. Zvino, unoti, “Munoreva kundiudza kuti bhuku rangu rakare...” Mwari vakariisa muGungwa raVo reKanganwiro. Wakamira wakarurama pamberi paMwari.

²²⁴ Zvino, zita rako rava muBhuku itsva; kwete mubhuku rehupenyu, asi Bhuku reHupenyu reGwayana, vakadzikinurwa reGwayana. Kwete bhuku rekare rekubatana kwepanyama, asi hwako hutsva, Mwenga. Hareruya! Hupenyu hwako hutsva huri muBhuku reHupeyu reGwayana, gwaro rako remuchato, hareruya, apo chizenga chako chaicho chemuna Ziendanakuenda, kubva pamavambo, chakabatirira. Zvino hauna kungoregererwa bedzi, asi wakaruramiswa. Girori! “Kururamiswa,” vaRoma 5:1 rakati. Hongu. vaRoma 5:1 inoti, “Naizvozvo takaruramiswa nekutenda.”

²²⁵ Nzverai shoko racho. Izwi iroto harirevi kuti kuregererwa. Shoko iroto rinoreva kururamiswa. Harireve kuti waregererwa.

²²⁶ Tomboti, wanzwa kuti ndanga ndakadhakwa ndo—ndokuita zvinhu zvakaipa, nezvose. Zvino wouya kwandiri, wotaura kwandiri. Wona kuti handina kumbozviita, zvino wouya, woti, “Hama Branham, ndinokuregererai.” Kundiregerera? Handina kumbozviita, pakutanga. Maona?

²²⁷ Zvino, kana ndiri ndakazviita, ndine mhosva. Asi waikwanisa kundiregerera, uye ndaisazova nemhosva. Asi zvakadaro handina kururamiswa, nokuti ndakanyatsozviita.

²²⁸ Asi izwi rokuti, *kururamiswa*, zvakangofanana nekuti hauna kumbozviita. Amen. Hazvitombocherechedzwi, zvachose. Zvinoitwa sei? MuBhuku raMwari reGungwa reKukanganwira,

bhuku rako rakare nemuchato wako zvakarambwa uye zvakafa, uye hazvitombori mundangariro dzaMwari. Ameni. Wakaruramiswa. “Naizvozvo takaruramiswa.” Raipomerwa mhosva. Waipomerwa mhosva. Hauna kumbobvira wazviita, pakutanga. Kubatana kwakare kuri muGungwa reKukanganwira raMwari. Hauna kuroorwa kwariri, pakutanga. Iye, Chikomba, akatakura kunyadziiswa kwako, paChake, kuitira iwe, pachinzvimbo chako. Akatora nzvimbo yako, nokuti wakatemerwa kwaAri, kuzova muMwenga waKe, nyika isati yavambwa. Bhabheri rakadaro. Uri Mbeu yakafanotemerwa.

²²⁹ Ko wakasvika sei kune izvi? Wakanyengerwa kwauri nemuchato wako wekutanga, kune mubereki wako mhombwe, Evha. Haisi mhosva yako. Nekuberekwa kwako kwepanyama, wakatevera Evha, uyo akaita hupombwe. Ndicho chikonzero wakaberekwa uri mhombwe. Uri mutadzi, kubva pakutanga. Ndizvozvo chaizvo. Wakanyengerwa mazviri. Waiva usina... Kwete, iwe, haisi mhosva yako.

²³⁰ Hauna kumbozviita. Nokuti, chizenga chidiki icho chaiva mauri, chaizova iwe, nyika isati yavambwa. Mwari vakaisa zita rako muBhuku reHupenyu reGwayana.

²³¹ Sekanyaya kangu kechapungu, mese makakanzwa. Huku... Murimi wakare akarindirisa huku—huku, imwe nguva. Saka akanga asina huku dzakakwana kunze... mazai ekuisa pasi pehuku. Saka zvarado akawana zai rechapungu, uye ndokuriisa pasi payo. Chapungu pachakaberekwa, chaiva huku yairatidzika zvinosetsa yati yamboonekwa nehuku idzodzo, kachapungu kekare kachingoenda mberi. Uye huku yaiti, “Kwiyo, kwiyo, kwiyo, kwiyo.”

²³² Chapungu chidiki chikati, “Handizive kuti ruzha urwu rwunorevei, asi ndichangomutevera, zvakadaro.”

²³³ Zvino vakabuda pachivanze ndokutanga kutsvara mirwi yemanyowa. Uye huku ndokuti, “Kwiyo, kwiyo, kwiyo. Izvi zvakaisvonaka. Izvi zvakaisvonaka. Iwe joinha yedu. Uye izvi ndizvo...”

²³⁴ Chapungu chidiki chiya, chaisagona kudya zvinhu izvozvo. Maona? Chakango—chakangoenda mberi nehuku nekuti chaisaziva. Chaisaziva zvekuita. Zvino yakabuda kunze ikoko, uye yaizowana *ichi* kana *icho*. Zvino chapungu chidiki chakango...chaitongofanira kuzvimedza, asi cha—chaisaziva kuti chozviita sei. Asi chakanga chachiona huku dzese idzi dzichizviita, asi pane chimwe chinhu chakasiyana. Chaisazvifarira.

²³⁵ Saka, rimwe zuva, amai vaiziva kuti vakakandira mazai maviri. Saka vakatanga kutsvaga rimwe racho, vachibhururuka vachitenderera, vachitsvaga, seMweya Mutsvene mukuru.

Rimwe zuva vakabhururuka nepamusoro pechikwere ichi, sanganoniya. Vakatarisa zasi ipapo, ndokuona mwana wavo. Vakadanidzira. Raiva Inzwi rechimwe chinhu chaidavira kubva pakadzika maari. [Chibenga patepi—Mupepeti.] Oh, Izvi zvinonzwika zvakanaka! Oh! Regai chizenga chemazvirokwazvo chakafanotemerwa ndokuzvarwa, chakafanotemerwa naMwari, chinzwe Shoko raMwari, Iro mumhanzi kwaari. Anoziva kuti Ichokwadi.

²³⁶ Aneta nezvinhu zveasangano, zvakadaro, “Tijoinhe. Huya, enda nesu. Tine pati yesosaiti. Tine izvi. Tine . . .” Hazvina kungonzwika zvakanaka, kune kamuchinda aka.

²³⁷ Chikati, “Mwanakomana, hausi weboka iroro, zvino. Uri wangu. Uri wangu.”

²³⁸ Akati, “Amai, zvinonzwika kuti mazvirokwazvo. Ko ndingabudawo sei?”

²³⁹ “Chingosvetuka. Ndichakubata.” Uh-huh. Ndizvo zvega zvaunongofanira kuita.

²⁴⁰ Shoko raMwari rakazodzwa richisimbiswa pamberi pemunhu upi zvake akaberekwa kuva mwanakomana waMwari, aine mbeu yakafanotemerwa maari kuitira nguva ino, achaona Mharidzo yaMwari zvirokwazvo sekuvapo kwaMwari Kudenga. Martin Luther akaIona kune rake. Wesley akaIona kune rake. Mupentekosti akaIona kune rake. Zvino ko iwewe? Uh-huh. Vakapinda musanganoni. Herino Shoko riri kuzvipomera; richikuudzai zvatino fanira kuva nazvo nhasi, uye chaizvo maererano naMaraki 4 nevimbiso dzose idzi dzenguva. Unoonei? Wakatarisei? Ameni. Hepano patiri. Zvapungu chaizvo, zvechokwadi zvinonzwa. “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu. Haangateveri mutorwa.”

²⁴¹ Sei? Yakaiswa imomo nekufanotemera. Wakafanotemerwa kuva mwanakomana waMwari. Waiva muna Mwari nyika isati yavambwa. Uri kungoratidzirwa bedzi muzuva rino kuitira kukudzwa nekubwinya kwaKe. Ko ungangazviita sei usingaremekedzi Shoko raKe, nekumira neShoko rese raMwari? Hongu, changamire. Iro, rauri chikamu cheShoko iroro, nekufanotemera. Nokuti, tarisa, Mwari ndiye Shoko. Munozvitenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka, zvadaro, kana . . . Vakagara vari Shoko. “Pakutanga kwaiva neShoko.” Uye kana Shoko raiva Mwari, zvino waiva muna Mwari. Shoko, chikamu chaunofanira kuita, chaiva muna Mwari nyika isati yavambwa. Vakakuona. Vaikuziva. Vakafanokutemera kwachiri.

²⁴² Ndinokuudzai, sekungocherechedza inzwi kwakaita chapungu, ndizvowo Mukristu we—wechokwadi, akaberekwa patsva anocherechedza Inzwi raMwari kubudikidza nemuShoko, pavanoRiona rakazodzwa uye richisimbiswa.

Tarirai. Akatarisa kumusoro *Uko*. Haana kuona huku yakare iya ichikukuridza *kuno*, “Tijoinhe uye uyende *uko*. Uye enda *uku*, uyende kune *izvi neizvo*.” Akaona chi—chinhu sechaaida kuva, chichibhururuka mumhepo, chichidanidzira, chakasununguka, kumusoro kumatenga, pamusoro pemagora ese nezvinhu zvepanyika. Hareruya! Aida kuva izvozvo nokuti zvaiva maari kuva izvozvo.

²⁴³ Uye munhu akaberekwa naMwari, Mwanakomana waMwari, anofanira kuva nehunhu hwaMwari. Anofanira kunge akaita saMwari. Anokudza Mwari. Iye chikamu cheShoko raMwari. Uye mumazuva ano ekupedzisira, eMwenga uyu uri kutora chimiro, chaizvoizvo simba rimwe chete raaiva pamavambo, rauya nemumasangano ese aya, nezvakadaro, ndokubuda muMwenga. Haagoni kuva chimwewo chinhu kunze kwaizvozvo.

²⁴⁴ Vaifanira kunge vakaRiona, maJudha aya mumazuva avo, pavakaRiona richiratidzwa pamberi pavo, sezvakataurwa nemuporofita kuti Aiva. Akati, “Nzverai Magwaro; Maari munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi. Iwo ndiWo anopupura nezvaNgu. Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, musaNditenda. Asi chero mukasaNditenda, itai...tendaiwo mabasa aNdakaita.”

²⁴⁵ Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje kwemakore makumi mana. Tinoziva patiri.”

²⁴⁶ Iye akati, “Uye vose vakafa,” zvinova, kupatsanurwa Nekusingaperi. Munhu wese akafa. Paingova nevatau bedzi, vaviri kubva mumiriyoni, mamiriyoni maviri. Zvinova mumwe chete kubva mumiriyoni.

²⁴⁷ Sei, kuiswa, kwembeu kubva muhono nehadzi, kazhinji pane zai rimwe chete rinogona kuunza upenyu. Pane zai rimwe chete, chizenga chimwe chete chinogona kuunza upenyu, kana makamboona panoitwa zvemombe dzemasanganiswa. Cherechedzai. *Hepano* pane mazai mi—miriyoni; *hepano* zvizenga miriyoni; uye pazvi—zvinobuditswa, kuti zvisangane muchibereko, zvichipinda nemuchubhu kupinda muchibereko, zvinosangana. Imwe yacho mazai. Mazai miriyoni; nezvizenga miriyoni. Pane zai rimwe chete imomo rinogona kuunza upenyu. Pane chizenga chimwe chete imomo chinogona kuunza upenyu. Ose mapenyu. Unogona kuona tumhuru twese tuchichirika-chirika imomo, kadonhwe kaunogona kuisa pakamuti kemachisi.

²⁴⁸ Zvino Demos nevamwe vari kuteerera manheru ano, uye anorangarira patakazvitora. Akandiendesa zasi ikoko, ndokundiratidza kuti zvinoshanda sei. Machubhu ekunzveresa, ndokungoisa zvinokwana kuti uise pamapeto pekamuti kemachisi. Aiva zviuru zvemhuru diki nemabhuru imomo, asi imwe chete yadzo ndiyo inogona kurarama. Imwe chete

yadzo bedzi! Uye hepano bhora guru rawo, *pano*. Uye muchacherechedza, chimwe chichakambaira kubva pane ichi *pano*, choyenda, chizenga chouya *pano*; uye zai rinozobuda kubva pakati pemamwe mazai aya *pano*, zvino zvosangana pamwe chete. Uye zvimwe zvese zvinofa. Zvakadaro, zvipenyu, asi zvinofa.

²⁴⁹ Nokuti, pane chimwe Chinhu, mumwe Munhu aita kuti *ichi* chigone kuunza upenyu, uye nokugadza *ichi* chimwe, zvakare. Kufanotemera, hama yangu. Chokwadi. Mwari vanofanira kusarudza kuti achava mukomana here kana musikana, ane vhudzi dzvuku here, vhudzi dema, kana chero zvachiri. Zvinosarudzwa naMwari. Chakavanzika chinopfuura kubereka kwemhandara, kwandiri. Asi, cherechedzai, zvimwe zvese zvinofa.

²⁵⁰ Pane mamiriyoni maviri evanhu vakabuda, vakaimba, nokudanidzira, nokuita zvole. Vakataura ne...vasina kumbobvira vataura nendimi. Asi vakadanidzira, no—nokupa Mwari kubwinya, ndokutamba vachikwira nekudzika pagungwa, ndokuita zvole izvo zvakaitwa nevamwe vose, asi pangori nevaviri bedzi vakapinda munyika yechipikirwa. Karebhi akapinda, Karebhi naJoshua, vaviri bedzi. Mumwe chete kubva mumiriyoni. Mumwe chete kubva mumiriyoni pakuberekwa kwepanyama. Mumwe nemumwe wavo aiva neropafadzo rimwe chete.

Oh, imi maPentekosti, ndinotarisa kuti hamunonoke kuchangamuka.

²⁵¹ Mumwe chete kubva mumiriyoni. Tarisai. Panofanira kunge paine mamiriyoni mazana mashanu evanonzi Makristu panyika nhasi. Kana Jesu achizouya, panongova nemazana mashanu bedzi anoenda naYe, zvino, kana kuverenga uku kuri kwafamba nemo. Handiti, pane vazhinji kudarika ivavo vari kushaikwa mazuva ese, panyika pose. Hapana zvavanziva nezvazvo.

²⁵² “‘Ndinonzwisisa,’ sekureva kwevanyori, ‘unoziva kuti...’ Sei vanyori vachitaura kuti—kuti, ‘Eria anofanira kuuya kutanga?’” Vakadaro kuna Jesu.

²⁵³ Iye akati, “Eriya wakatouya kare mukasazviziva.” Maona? Akaita chaizvo izvo zvakarehwa neMagwaro kuti zvaizoitika kwaAri. Maona? “Naizvozvowo Mwanakomana wemunhu anofanira kutambudzwa. Pasi...” Havana kuMcherechedza. Naizvozvo, vose vaiva muchechi. Vachikambira kuti vapenyu.

²⁵⁴ Zvino chingorega Mukristu wechokwadi, akaberekwa patsva, muranda chaiye waMwari, akanzwa Shoko raMwari, achapfuura nemusangano rese, kusvika kuivhu riya rakaorera, neShoko, bindu rekudyarira. Achangozviita. Handizive kuti anozviita sei. Mwari vakagadza kuti zviitike.

²⁵⁵ Wakanyengerwa pakutanga, nemuchato wako wekutanga. Zvino unoziva chokwadi. Sezvandambotaura, chapungu chidiki pachakanzwa Inzwi reChikomba, chakaenda kwaRiri, Shoko raMwari rakazodzwa, rikasimbiswa remuzuva rekupedzisira.

²⁵⁶ Noa aiva Shoko rakasimbiswa rezuva rake. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka, mharidzo yake haingashande nhasi.

²⁵⁷ Mosesi aiva Shoko rakasimbiswa rezuva rake. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Haingashanda iye zvino. Jesu aiva . . .

²⁵⁸ Johane aiva Shoko rakasimbiswa. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Hayaishanda mumazuva aJesu. Kwete zvirokwazvo. Kwete, changamire. “Mirairo nevaporofita vaivapo kusvika pana Johane; kubvira ipapo, Humambo hweKudenga.”

²⁵⁹ Vaapostora, avo vakaunza Bhaibheri. Hapo pakabuda Ruther, mukuvandudzwa, mashoko ake, ayo, chechi yake, haangashande nhasi. AWhisiri haangaite. EPentekosti haangadaro. Akashanda munguva yavo.

²⁶⁰ Asi rave rimwe zuva. Uku kuzarurwa kweZvisimbiso Zvinomwe. Ndinoziva zvinoita sezvisinganzwisike kwamuri, asi Mwari vakazvisimbisa zvakakwana. Hapana mu—mubvunzo paZviri. Zvakangokwana! Handisi kumwaya izvi kuungano yepano. Ndiri kutaura kuvanhu vakapoteredza munyika. Maona? Itai zvamungada.

²⁶¹ Zvino cherechedzai Shoko rakazodzwa rezuva rake, iro ramuri chikamu charo, nekufanotemera. Iwe pakarepo, sekuti, wakaziva. PawakaRinzwa, wakabva waziva nekukurumidza kuti waiva chapungu. Wakacherechedzawo kuti waisava huku yemasangano, kubva pakutanga. Wakaziva kuti pane chakatsveyama ipapo. Pane chakakanganisika, ndizvozvo, nokuti unoziva kuti wanga wakateyiwa mazviri, pakutanga.

²⁶² Iye, Chikomba, akabvisa nyadzi dzako, “Ndokudziisa muGungwa reKanganwiro, nekugezwa neMvura yeShoko neRopa reHupenyu.” Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Murume wako wekutanga wawakaroorana naye, nyika; Chikomba chakazodzwa, chakafanokutemera, chakakugeza nokugeza neMvura. Ne “chechi” here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Hazvisi kubuda zvakanaka. Zvinodaro here? [“Kwete.”] Unogona kuzviona mualmanac, asi kwete muBhaibheri raMwari. “Mukugeza kweMvura neShoko.” MuShoko! Maona? Kubudikidza ne . . .

²⁶³ Umire wakaruramiswa zvizere, sekunge usina kumbozviita pakutanga. Iyi ndiyo Mharidzo yangu kuChechi zvino. Pauri . . . patiri kubva panhepfenyuro, muminiti. Wakamira, kana wakamira paShoko raMwari uye neShoko raMwari, ameni

yese, donwe rose, chidimbu chese. Wakamira pai? Ndiri kuedza kukuudzai, zvipatsanurei kubva kuzvikwande izvo. Uye mupinde muno mugorosi, apo pamunokwanisa kuibva pamberi peMwanakomana. Ndiri kunzwa kuuya kwemuchina wekukohwa. Wakamira wakakwana, wakaruramiswa, sekunge usina kumbozviita pakutanga. Hareruya!

²⁶⁴ Taura pamusoro penguva yekupa kutenda! Ndinonzwa zvakaisvonaka. Ndinotenda zvikuru nokuda kwazvo kupfuura chimwe chipi zvacho chandingaziva.

²⁶⁵ Muri Mwenga akachena, ane hunhu, asina chivi weMwanakomana waMwari mupenyu. Murume nemudzimai wese akaberekwa neMweya waMwari, uye akagezwa muRopa raJesu Kristu, uye achitenda Shoko rese raMwari, akamira sekunge asina kumbobvira akatadza pakutanga. Wakakwana. Ropa raJesu Kristu! Ungagona sei . . . Kana munhu . . .

²⁶⁶ Dai ndanga ndiri kufanira kufa mangwanani, mumwe munhu oora nzvimbo yangu, handigone kufira chivi ichocho. Mumwe munhu atora nzvimbo yangu.

²⁶⁷ Zvino Jesu, Shoko, akatora nzvimbo yangu. Akava ini, kuitira kuti mutadzi, kuti ndikwanise kuva iYe, Shoko. Amen. Regai ndirambe ndakabatirira zvakatendeka kwaRiri, kwete chechi. Shoko! Amen.

²⁶⁸ Oh, kubatana kwepamweya uku kwaKristu neChechi yaKe zvino, apo nyama iri kuva Shoko, uye Shoko riri kuva nyama, richiratidzwa, nekusimbiswa. Chaizvo izvo zvakanzi neBhaibheri zvaizoitika muzuva rino, zviri kuitika, zuva nezuva. Handiti, zviri kuungana nekuchimbizika kukuru kunze uko, mumagwenga, nezvinhu zviri kuitika, zvandisingatombogone kumhanyidzana nazvo. Tave pedyo neKuuya kwaJesu, kuti azobatanidzwa neChechi yaKe, uko Shoko rinova Shoko. Kudana kweMweya Mutsvene, uchinzvera mwoyo!

²⁶⁹ Wakamira, wakakwana. Hauna kumbobvira watadza pakutanga. Mwari havatombozvize. Zviri muGungwa reKanganwiro. Hauna kumbobvira wazviita. Wakazvipomerwa, nemupomeri. Asi chaizvo, kubva pamavambo, wakatemerwa kuva mwanakomana nemwanasikana waMwari. Wakamira ipapo, wakagezwa. Uye bhuku rako rakare rekurambana rakaraswa, uye rakafa, haritomboriko kwazvo, kunyange mupfungwa dzaMwari.

²⁷⁰ Uri Mwenga akarurama waKristu, akagezwa muRopa raKristu. Mwanakomana waMwari anokosha, ane hunhu, asina chivi akamira neMwenga weShoko akachena, asina hupombwe waAkageza neMvura yeRopa raKe pachaKe; rakava nyama ndokuratidzwa, kuti Akwanise kukutorai vakafanotemerwa okuisai muchipfuva chaBaba, mavambo asati avapo, zvimwe chete sezvaAiva. Aiva chizenga chikuru chaMwari, chinonzi “rudo.”

271 Chero zvauri, muri varanda vaMwari, chero zvinodiwa naMwari kuti uite, ndipo pane nzvimbo yako. “Mwari vakaisa muChechi, vamwe vaapostora, vaporofita, vadzidzisi, vafundisi . . .” Vakaisa izvozvo nesimba rekufanotemera kwaVo pachaVo. Uye iwe waiva izvozvo, kubva pakutanga.

272 Muchato wako wepakutanga wakarambwa. Ndzivo zvakaitika. Hauna kumbozviita, pakutanga. Nokuti, pane chinhu chimwe chete chaigona kuzviita, zvaizova kuti Mwari vadzike, Vomene, vakatora nzvimbo yako muchimiro cheMwanakomana waMwari, Jesu Kristu, ndokukugeza neMvura, yekugezwa kweMvura neShoko. Shoko; kwete sangano! Shoko rakakugeza. Asi kana ukasamira muMvura yeShoko, ko uchazogezwa sei? Uchine makwapa saEvhá.

Oh, Gwayana rinodikanwa riri kufa, Ropa
raKo rinokosha
Harizombopera simba,
Kusvikira Chechi yese yaMwari
Yaponeswa zvekusazotadzazve zvakare.

273 Chivi chii? *Chivi* “kusatenda.” Kusatenda mune (chii?) Shoko; kusatenda muna Mwari, anova Shoko.

274 Akacheneswa, asina hupombwe; oh, hareruya; ari kubva munguva pfupi kuenda kumatenga; ameni; akamira akagadzirira. Funga. Hanzu dzako, dzakagezwa neMvura dzeShoko riri kujuja! Shoko rakava Ropa. Shoko rakajujira iwe, uye wakagezwa muShoko riri kujuja. Shoko, richijuja! Hupenyu hwaMwari muShoko, uye Shoko rakajujira iwe, kuitira kuti ugezwe kubva kutsvina dzezvipfeve izvi, uye ugezwe nekucheneswa mukugezwa neMvura yeShoko, zvoita kuti pfungwa dzako nemwoyo wako zvigare pana Mwari nepaShoko raVo.

275 Zvino, unoziva sei kuti Ichokwadi? Mwari pavanouya voRiratidza nekusimbisa.

276 Unoti, “Zvino, handiRitendi nenzira iyoyo.” Havana kuRitenda nenzira yaJesu, asi Mwari vakaRisimbisa. Havana kuRitenda nenzira yaNoa. Havana kuRitenda nenzira yaMosesi. Vaitoda kutora shoko raBharami pane iRo, “Tese takangofanana, saka ngatiyananei pamwe chete.”

“Zvipatsanurei,” Bhaibheri rakadaro, “kubva mukusatenda.”

277 Hareruya! Zvino cherechedzai. Hausingori izvozvo, asi uri kuenda kuMuchato muchadenga. Uye wakapfeka mhete yemuchato yenyasha dzakatemerwa, dzausingakodzeri, mhete yako yemuchato yenyasha dzausina kodzero yako. Mwari vakazviita, pachaVo. Vakakuziva nyika isati yavambwa, saka Vakaisa mhete yemuchato pauri Ipapo, ndokuisa zita rako

muBhuku. Inguva yekutenda yakadini! Hareruya! Mwari vedu ngavarumbidzwe!

²⁷⁸ Zvino, mukuvhara, ndinogona kutaura izvi. Tose tinoziva kuti chechi yechimanjemanje, yePentekosti, muchinhano chairi izvezvi. . . Masangano ese pamwe chete, ndichaakandira mubutwa rimwe chete, nokuti ndizvo zvavari. Munorangarira, Vachaunganidza masora, kutanga, voapisa. Votora. . . Vanotora mashanga ese egorosi voapisa ese, kutanga; zvararo Vanotora, vanouya votora gorosi raVo voriendesa Kumba. Vose vari kuungana muchibutwa, chibutwa cheMethodisti, Baptisti, Pentekosti, zvose zvichienda kuMubatanidzwa weZvinamato. Ndizvo zvega. Vose vanopiswa. Maona?

²⁷⁹ Tose tinoziva kuti chechi yechimanjemanje, muchinhano chayoye izvezvi nechimiro chayoye izvezvi, haisi muchinhano chekupedzisa kutumwa kukuru kwakapihwa naMwari kuChechi muzuva rino. MaPentekosti mangani anogona kuti “ameni” kwazviri? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvozvo. Maona? Zviri mu. . .

²⁸⁰ Tiri veoneness, twoness, threeness, *ichi, icho, chimwe*, kukakavadzana, kurwisana. Mumwe *ichi*, nemumwe *icho*, nechimwe. Zvino mumwe nemumwe wavo, achitya kutarisana neShoko, kunyatsosvika pakuyedzwa. Maona? Vanoziva. Vaudze pamusoro paRo; vanoti, “Ha—handigone kuzviita. Handikwanise kutenda Izvozvo. Handina basa nezvaanoita. Ini. . .” Maona? Maona? Maona? Zvinoratidza amai nababa vaunavo. “Unogona kuva mutungamiri mukuru wesangano rimwe zuva. Unogona kuva *ichi, icho*, kana *chimwe*.” Zviri nane uve mwanakomana waMwari.

²⁸¹ Zvino, tinoziva kuti chechi hayaikwanisa, chechi yePentekosti, nenzira ipi zvayo, nenzira ipi zvayo, kuunza Mharidzo yezuva rekupedzisira, muchinhano chairi iye zvino. Yaigona here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Handiti, haitombogona kuwirirana paShoko rimwe chete kana maviri emuBhaibheri. Uchazviita sei? Haizvigone. Saka, munoona, sango hariverengerwi. Ndizvozvo chaizvo.

Vachange vari vanhu vakasanangurwa vari vakasanangurirwa izvozvo. Maona?

²⁸² Zivai, uye mumwe nemumwe wedu anoziva, kuti boka rese remasangano, maPentekosti nevose, vakafa, zvinova, kune uyo Mukristu weMharidzo akaberekwa patsva. Uhuh. Murume wako wekutanga akafa. Unoziva kuti akafa. Mwari akaita kuti afe. Zvaperera. Nzira dzayo dzose dzesainzi, njere, fundo, nzira dzesainzi dzeavanoti zvikoro zveBhaibheri nevose zvaparara. Zvaiti? Kupatsanura, veoneness *pano*, nevematrinity *apo*, nevetwoness *pano*, necheuko, uye nezasi *kuno*, uye nekuvhiringika kwakadaro, vachizvidana kuti maPentekosti.

283 Sei, ndakaenda kune mumwe mujaya, rimwe zuva; ari kuteerera imo muno, iye zvino. Nemumwe mudzimai wechidiki, aiva nhengo yeimwe chechi. Akati...Ndakati...Vakasiyana. Ndikati, “Ko dambudziko nderei?”

Ndokuti, “Tine matendero akasiyana.”

Ndikati, “Oh, ndine urombo. Uri Mukatorike?”

284 Mukadzi ndokuti, “Kwete.” Akanditaurira sangano raaipinda, rePentekosti.

285 Ndikati, “Iwe uri *chii?*” Murume muPentekosti, zvakare, asi rimwe sangano. Oh!

286 Munoziva here, chechi yeRoma Katorike yakatanga iri, yechiPentekosti? Vangani vanoziva kuti ichokwadi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakaitorera makore zviuru zviviri kuti isvike pairi zvino, hapana chavachatora muMagwaro zvachose. Hapana. Zvokuti, maPentekosti, mumakore makumi maviri kubva zvino, vachange vaipa kudarika zvavari izvezvi, zvikaramba zvichiendeka nenzira yaviri kuita izvezvi. Handiti, ichokwadi. Maona? Chii ichocho? Chii ichocho? Tarisai kuti baba namai vavo ndiani. Vanorega vakadzi vavo vachigera vhudzi ravo. Vanogona kuita chero zvavada kuita. “Chero bedzi vari nhengo yechechi ino, ndizvo zvega zvine basa.”

287 Oh, ndosaka, ndosaka mutongo waMwari uchikura! Mwari vanoRiisa pamberi penyu chaipo imi movhara meso enyu motadza kuRitarisa. Hongu. Kuvhara manzwiro enyu etsitsi, pamunoona Shoko raMwari rechokwadi neizvi Zvisimbiso Zvinomwe zvichisimbiswa nekuratidzwa kuva izvo. Nekupupurirwa muchadenga, munyika dzese nekweise, kubudikidza nezviratidzo nezvishamiso zvikuru zvaVakavimbisa kuti Vaizoita, zvino monyarara, moti, “Ha—handizive. Ha—handizvigone. Ini...” Maona? Oh, ini zvangu! Zvakafa, uye hauzvizive. Zvivi nekudarika! Wakafa. Oh, ini zvangu!

288 Tese tinoziva kuti chechi muchinhano ichocho hayaigona kupedzisa zuva rino rekupedzisira. Yaizounza sei Maraki 4? Yaizozviita sei? Havatombotendi mune chinhu chakadaro. Ko ingatenda sei, kuunza Ruka 17:30? Ko yaizounza sei mamwe Magwaro ese aya akavimbiswa zuva rino rekupedzisira? Hayaigona kuzviita, nekuti inoRiramba. “Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana wemunhu.”

289 Tarisai chinhano, Roti, icho Sodhoma yaiva, muzuva riya. Tarisai, chinhano chekereke muzuva iroro. Honai zvakaitika kuna Abrahamu, Musanangurwa.

290 Honai zvakaitika kuna Roti nevamwe zasi muSodhoma. Tarisai Billy Graham naOral Roberts, ivo vari zasi uko

kumasangano. Honai Chechi yaAbrahama yakasanangurwa, yakabuditswa.

²⁹¹ Tarisai mhando yechiratidzo, icho Jesu pachaKe, Mwari munyama akamira mumutumbi wemunhu. Unoti, “Yaiva Ngirozi.” Bhaibheri rakati Aiva Mwari.

²⁹² Ishe Mwari, Erohimu, akamirapo mumutumbi wemunhu, achiratidza kuti Aizozodza Kereke yaKe mumazuva ekuguma. Vaizova Mwari vachishanda mumutumbi wemunhu zvakare. “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana wemunhu.” Chinhu chimwe chetecho. Vanonyatsochiona muMagwaro. Verengai. . . “Nzverai Magwaro, nokuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi.” Zvino iWo ndiWo anopupurira izvi. Maona? Maona?

²⁹³ Saka tinoziva kuti akafa. Mwari vakaarega achifa muhurongwa hwawo hweundini, hwesainzi, nedzidzo.

²⁹⁴ Mapentekosti ese aisimbotaure pamusoro—pamusoro pekutumira vana vavo kuchikoro cheBhaibheri, kare pakwaiva naHama Loyate, nevamwe vaive pano, vaikudzinga kubva muchechi. “Asi, oh, iye zvino ndicho chinhu chikurusa. Mwanakomana wangu ari kuchikoro cheBhaibheri.” Ari kuchera guva rake. Saka, zvino, munofunga kuti vaizoRigamuchira, nhasi?

²⁹⁵ Munofunga kuti ndiri kuedza kutsigira kusadzidza? Handisi kudaro. Ndiri kukuudzai kuti pane musiyano pakati pezera rino renjere ratiri kurarama mariri, apo kereke yakapihwa pamuviri nesainzi nezvinhu zvose izvi zvinonzi “zvakaongororwa” nezvose. Hauite Mwari wekuferefeta.

²⁹⁶ Zvakanaka, ivo—ivo vapisita vakawana Mwari zvakanyatsonanga. Vaiziva mauro aizoita Mesiya, asi Akauya zvakanyatsosiyana nemauro avakanga vafungidzira. Aiva asiri esainzi. “Ko Murume uyu angadarirei, iye ari Mwana wehupombwe? Akaenda kuchikoro kupi? Dzidzo yaKe yakabva kupi? Akawanepi kufunda uku?”

²⁹⁷ “Ko sei, Unoyedza kutifundisa? Wakaberekwa muhupombwe.” Maona? Oh, nhandi zvangu!

²⁹⁸ Muri kuona chinhu chimwe chete chichidzokorora zvakare? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Muri kuzviona zvichidzokorora zvakare? Vese mune sainzi dzavo dzekunamata, sainzi dzavo dzekunamata maererano nezvakataurwa nechikoro chavo cheBhaibheri, ndiyo nzira yavanorida naRo. “Ndiyo nzira yaRinofanira kuva, kana kuti haRisi.”

²⁹⁹ Mwari anongovapuisa, nguva dzose. Rinogara richiuya zvakasiyana. Rakazviita munguva yaNoa; ndokudaro munguva yaMosesi; ndokudaro munguva yaKristu; ndokudaro munguva yaJohane; ndokudaro munguva yevadzidzi; ndokudaro munguva

yaWhisiri; ndokudaro munguva yaRuther; ndokudaro munguva yePentekosti; uye ndizvo zvazvaitawo zvakare. HaRishanduke maitiro aRo. Nguva dzose rinogara richiuya zvimwe chete. Vavanduzi bedzi nemumanomwe...mazera matanhatu, kusvika pane rechinomwe. Zvakazarurwa 10 yakati, munguva ino zvichazoshanduka. Uye zvakadaro.

³⁰⁰ Zvino tave kuvhara, mukutaura izvi. Kupedzesa kutumwa kukuru, ko vaigozviita sei? Tinoziva kuti vakafa. Mwari vakazvirega zvichifa muzera rino resainzi, rose zvaro, kuitira—kuitira kuti Vagone (kuitei?) kuzarura chakavanzika cheChisimbiso cheChinomwe kuMwenga usiri sangano. Ko sangano ringagamuchira sei Zvisimbiso Zvinomwe izvozvo, iZvo zvichinyatsopesana, mbeu yenyoka nezvimwe zvinhu zvose zviya? Zvakavanzika zvinomwe zvese zvizere, zvinopesana nezvavakadzidziswa, nekuti vakatora chikoro chakare kubva kuchikoro chavo cheBhabheri.

³⁰¹ Zvino Zvisimbiso Zvinomwe zvaMwari, paZvakazarurwa pagomo paya: regai Mwari, kwete, regai ini ndife izvezvi papurupiti ino kana iZvo zvisiri Chokwadi. Uye ndakafanokuudzai, gore nemwedzi mitanhatu zvisati zvaitika, zvaAkandiudza, “Enda kuArizona,” nezvaizoitika kunze uko mugwenga. Zvino pane varume vakagara muno chaimo, manheru ano, vaive vakamira ipapo varipo pakauya Ngirozi nomwe. Kunyange mag-...Magazini, magazini re*Life*, raiva nenyaya yaCho. Ririmo munzvimbo yekunzvera zvemuchadenga, nezvose. Zvino havatombosvika kuti Rinombova chii.

³⁰² Zvino zvinhu zvese zvakataurwa, o, kunyange kusvika pakuparadzwa kweCalifornia, kuri kuuya zvino, nezvimwe zvinhu zvese. Uye kuti ndakavaudza kuti mazuva mangani azvichaitika, kuti zvaizoitika sei pakundengendeka kukuru kwakaitika kuAlaska, uye kuti ndiwo aizova mavambo echiratidzo chenguva, nezvaizoitika. Zvino shoko neshoko, zvaRakataura, hazvina kumbobvira zvakundika kana kamwe chete. Hamuna kumbobvira maRiona Richikundika. Uye haRigone kukundika, nekuti iRo Mashoko aMwari. “Zvino Denga nenyika zvichapfuura, asi iRo harikundike.” Ndizvozvo.

³⁰³ Mwari vaitofanira kuzarura Zvisimbiso Zvinomwe zviya, kwete musangano. Ndakagara ndichipesana naro. Asi, kubva musangano, Anogona kutora Mwenga, kwete mwenga wemasangano. HaAigona kuzviita. Zvinopesana neShoko rake pachaKe. Akazarura zvakavanzika zvinomwe imomo. Zvinoratidza pachena, kuunza pachena zvinhu izvozvo zvanga zvakavanzwa kubva pakaiswa nheyo yenyika, zvaizozarurwa mumazuva ekupedzisira, kuvanakomana vaMwari. VakaRiunza zvino pamberi pevanhu, kuitira kuti vaRione, ipapo, imi zvino, kuMwenga uyu usiri wemasangano. Oh, ini zvangu!

³⁰⁴ Heano mabhuku maviri ako. Rimwe racho iBhuku reHupenyu reGwayana. Zita rako iMomo rakafanotemerwa iMomo. Harigone kubva, nokuti haugone kuribvisa zvachose, munoona, nekuti rakafanotemerwa kuti rive iMomo. Asi bhuku rehupenyu remazuva ese, rinogona kudzimwa nguva ipi zvayo. Maona? Ukasatendeuka, rinodzimwa, zvakadaro, nokuti uri kuzomira paKutongwa. Mwenga hautombomira paKutongwa; unoenda muKubvutwa. Sezvakangoita . . .

³⁰⁵ Ndinotaura izvi, pakuvhara. Nguva dzafamba, saka . . . dzava kutoita nine-thirty. Zvino tiri kuzobuda muno na nine-thirty, Ishe vachitendera. Chingoremekedzai zvino, teererai. Imwe nguva . . .

³⁰⁶ Ndichitaura izvi zvino, izvi zvinoenda kunyika yese. KuNew York, izvezvi ava maminiti makumi maviri nemashanu eleven dzadarika. Kumusoro uko kuPhiladelphia nekwakapoterredza ikoko, vatsvene vaya vanodikanwa vakagara vachiteerera, iye zvino, mumachechi akapoterredza kwese. Kumusoro, nekuzasi kweMexico, nekumusoro kuCanada nekwese, kwakatenderera. Mamaera mazana maviri, kupi zvako munyika yeNorth America muno, potse, vanhu varipo, vakateerera iye zvino. Zviuru nezviuru, vakateerera.

³⁰⁷ Zvino ndiyo Mharidzo yangu kwamuri, Kereke, imi makaita mubatanidzwa, mubatanidzwa wepamweya neShoko, kuti makafa kuvarume vaya vakare. Makaberekwa patsva. Usaedze kumufukunura. Akafa. Kana uri Mukristu akaberekwa patsva, chizenga chidiki chiya chakafanotemerwa mauri, iShoko riri kuuya pamusoro peShoko, pamusoro peShoko, pamusoro peShoko, pamusoro peShoko, pamusoro peShoko, kusvika pachimiro chakakwana chaKristu, ndizvozvo, kuitira kuti Agone kuuya kuzatora Mwenga waKe. Zvino tangogadzirira chinhu chimwe chete, kunova Kuuya kwaShe.

³⁰⁸ Hero zita rako muBhuku reHupenyu. Bhuku reHupenyu iShoko raMwari, nokuti Shoko ndiMwari, uye Mwari ndiVo chinhu chega chiri Hupenyu. Saka zita rako rakamiririrwa muBhaibheri Bhaibheri risati rauya kuva Shoko. Zvino kana uri pano kuti uzodaro, haRizosimbisa Shoko here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chechi haingaZvisimbise here? Ko Maraki 4, nezvimwe zvinhu zvese izvi, hazvingaZvisimbise zvakakwana, zvakakwana nokuratidza kuti ndiZvo zvaRiri? [“Ameni.”]

³⁰⁹ Jesu paakauya, Akati, “Kana Ndikasaita mabasa akavimbiswa kuti Ndiite, musaNditenda.” Nderipi remapoka raakajoinha? Akati, “Vese . . . Muri vababa wenyu, dhiyabhorosi, uye mabasa ake munoaita.” Maona? Maona?

³¹⁰ Tiri mumazuva ekupedzisira, Kereke. Ndiyo Mharidzo yangu yekupa kutenda kwamuri.

³¹¹ Zvino, tisati tavhara. Imwe nguva ndaiva kuGlacier National Park. Tanga tanzwa, zuva rese, kuti vaiva ne—vaiva nekudonha... pane moto wegodo rechando waidonha manheru iwayo. Saka vanhu vakanga vari mubishi, zuva rese, vachigadzirira chinhu ichi, nokuti vanga vari kuzodurura moto uyu, manheru iwayo. Vakaisa moto unodonha semvura, segodo guru remvura yakagwamba. Asi iyo... Wairatidzika semuraraungu, potse, paunobuda, mumoto uyu uri kudonha kubva mugodo iri. Kwese kwakapoterredza mupaki iyi, mudzimai neni, nevana, takafamba tichitenderera zuva rese. Taida kusara, kuti tione kuratidzwa kwemoto uyu. Saka zva—zva—zvakavimbiswa kwatiri kuti taizouona, uye tigozviona zvakare. Vakati vanogara vainazvo mumwaka yese yezhizha nezvakadaro. Ndikati, “Zvakanaka, tichagona kuuona here?”

³¹² Zvikanzi, “Tazvivimbisa manheru ano. Takazvivimbiswa.” Zvikanzi, “Vari kumusoro uko vachizvigadzirira izvezvi.”

³¹³ Mushure mekunge zvese zvagadzirirwa chiiitiko! Ndizvo zviru kuitika izvezvi. Zvese zviru kugadzirirwa chiiitiko, Kereke ichibuditswa nokuda kweZita rake, achibuditsa Mwenga waKe kubva pakati penyika, masangano aya nenyika yese, netsvina nezvinhu zvese zvenyika.

³¹⁴ Munhu wese; chiiitiko chakanga chagadzirirwa. Munhu wese anga akamira kunze. Vakati, “Zvino rambai makatarisa, uko pamusoro pegomo chaiko.”

³¹⁵ Ndiyo nzira yaRagara richiuya nayo. Ndiyo nzira yaRiri kuuya nayo nguva ino. Ndiyo nzira yaRinogara richiuya. Kwete kubudikidza nesangano! Mwari Havana kumbobvira vashandisa sangano, zvachose!

³¹⁶ Muvandudzi anoenda, otera Shoko raShe. Uye zvadaro paanofa, vanovaka sangano pazviri. Ndizvo zvakaitwa nemaPentekosti nevamwe vese. Pakauya zvinhu zvitsva nezvese, uye ndizvo zvazviri, ndiko kusimuka kwarinoita. Shoko idzva rinowedzerwa, zvino vovaka chechi kubva pariri, yakaitwa sangano, vakazvipatsanura. Zvaifanira kudaro.

³¹⁷ Zvino, haugone kukunda—haugone kukunda zvepamasikirwo. Zvisikwa zvinongopinda mumuhwezva mumwe chete, nguva dzese: dzinde, shizha, muchekechera, zvichidaro, chikwande, kwozoita gorosi.

³¹⁸ Zvino cherechedzai. Zvese zvanga zvagadzirira. Zvinhu zvese zvanga zvatungidzwa zvagadzirira. Uye munhu wese anga akamira kunze. Ndaiva ndakasimudza musoro wangu; ruoko rwangu rwakambundira mudzimai wangu. Taiva takatarisa. Uye vana vakamirapo, tese takatarisa mudenga, saizvozvo. Ini zvangu! Chaiva chimwe chinhu, nokuti taiva takazvitarisira. Takazvivimbiswa.

319 Amen! Shoko rinovimbisa iZvi. “Zvichaitika, kuti zuva guru rinotyisa raJehovha risati rasvika, tarirai, Ndichakutumirai Eria muporofita. Achatendeutsa moyo yevana kumadzibaba, nemoyo yeavo...” “Zvichaitika kuti mumazuva ekupedzisira, Ndichadurura Mweya waNgu kubva Kumusoro.” “Mvura yepakutanga neyekupedzesira ichauya pamwe chete pazuva rekupedzisira.” Vimbiso dzese idzi, kubudikidza nemuMagwaro, dzakapihwa. Takatarisa kudenga. Honai Mwenga wechokwadi munyika yese panguva ino, wakatarisa kudenga. Kereke, iYe ari kuuya, rimwe ramazuva ano. Semazvirokwazvo ekuuya kwaAkaita pekutanga, Ari kudzoka zvakare. Gadzirirai zvinhu zvese. Zvipatsanurei kubva kuchikwande. Garai pamberi peMwanakomana. Rambai makatarisa mudenga. Ivai pasi pekutarisira.

320 Kamwe-kamwe, takanzwa chimwe chinhu kubva pamusoro pechikomo, inzwi rakadzika kubva muraudhisipika, rikati, “Zvinhu zvese zvagadzirira.”

321 Zvino murume uyu, akanga akamira parutivi rwangu chaipo, akati, “Regai moto udonhe.” Heunoi wakauya, uchidurura kubva pagomo iroro, godo remoto nemarimi achibvira, chionwa chaiyevedza.

322 Hama, ngatiitei kuti zvinhu zvese zvigadzirire, nokuti rimwe remazuva ano Moto uri kuzodonha. Tiri kuenda kumusoro. Zvino ngatigadzirirei nguva yekudonha kweMoto. Tiri mumazuva ekupedzisira, tese tinozviziva, uye takagadzirira Kuuya kwaShe. Chinhu chekuita kuzvipatsanura kubva kuchivi chose. Zvipatsanure kubva kune chero chinhu cheniyika. “Usade nyika kana zvinhu zveniyika.”

323 “Ngapashaye munhu, kubudikidza nechitendwa chake, angakunyengera.” Iwe gara wakananga muvimbiso yaMwari, Shoko raMwari. Uye Shoko iroro, kana Riri Shoko rezuva rino, Mwari vanoRisimbisa kudaro. Kana Vakasadaro, harisi Shoko rezuva rino.

324 Shoko rakadonha paZuva rePentekosti harichashande nhasi. Kwete, changamire. Raiva rePentekosti. Iri ndere Mwenga, kuenda Kumusha kweMwenga. Tine chimwe chinhu chakasiyana. MaPentekosti aimiririra izvozvo, zvakare. Tiri muzera reMwenga. Zvimwe chete sekusashanda kwe—kweShoko raNoa mumazuva aMosesi; sekusashanda kwemurairo waMosesi munguva yaPauro pano. Akaedza kuvaudza, “Makafa kwauri, hamugone kuva nawo.”

325 Kereke, imi vandiri kutaura kwavari, manheru ano, munyika yese, kana—kana wakazvipatsanura kubva musanganano netsvina yese nezvinhu zveniyika ino, uye nezvinhu zvese zvinokuchengeta uri muzvitendwa zvevanhu nehurongwa nezvinhu zvakadaro, wakazvipatsanura: Tarisa kumusoro. Gadzirira. Moto uri kuzodonha, rimwe remazuva ano. Mwari vari kuzoita kuti Auye,

chiitiko chinoyevedza. Uchange wakagadzirira here paAnouya? Uchange wakagadzirira here kuenda naYe kumusoro paAnouya? Kubvutwa kwakavanda kweMwenga wepamweya, “Achaitwa we-...kubva mukufa kupinda mukusafa; achashandurwa, kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso. Isu vakasara vari vapenyu hatizingazozivisa avo vavete.”

³²⁶ Rimwe zuva, paZuva reArmistice, ndakanga ndakamira zasi kuTucson. Mukomana wangu mudiki aida kuona masoja achifora. Ndainge ndiri kunzvera, uye ndakanga ndisina nguva yekuzviita. Uye ndaiva nevarwere vakawanda vaida kuonekwa nezvimwe. Saka akati, “Baba, havasi kuzondiendesa.” Akati, “Ndiendesei.”

³²⁷ Ndikati, “Zvakanaka.” Hama Simpson, ndinofunga kuti vari pano; uye mukomana wavo mudiki aidawo kuenda. Saka ndakavaisa mumotokari ndokuendako.

³²⁸ Ndakamira pakona ipapo ndokutarisa. Zvino mushure mechinguva, ndakanzwa, chinhambwe kumashure, ruzha rwuchiuya nechekure, “womp, womp,” ngoma, dzichirira. Ndakamira ipapo. Ndikafunga, “Zvakanaka, machinda madiki aya, vakanyatsoverenga mabhuku ese aya pamusoro pemaoto. Vachanyatsofarira izvi.” Ndakacherechedza, kwakatanga kuuya nganunu dzakare dzeHondo yeKutanga yepasi rose. Hedzinoi dzakauya, tumachinda tudiki saizvozvo. Tevere kwakauya, mushure mazvo; kwakauya mushure macho nganunu huru itsva yeHondo yePiri yePasi rose, nganunu hombe yeSherman rine maburi pamuromo wepfuti. Zvadarwo kwakauya raitevera, neraitevera, uye mushure mechinguva kwakauya Gold Star Mothers.

³²⁹ Uye zvarawo, mushure mechinguva, kwakauya magamba gumi nevaviri vasara, mudunhu rose reArizona, kubva paHondo yeKutanga yePasi rose; magamba gumi nevaviri. Mushure mazvo, kwakauya chikepe, musoja asingazivikanwe, muchinjikwa muchena mudiki. Paiva pakamira mutyairi wengarava, musoja wemumvura, nemusoja, vakamira vakarinda; kamuganhu kadiki pachikepe ichi. Kune rumwe rutivi kwaiva naamai vachembera vane musoro wakachena, vakagara vaine nyeredzi yegoridhe yakabairirwa pavari, mumwe mudzimai muduku akaisvonaka achichema, murume wake akanga afa; kamukomana kane marengenyi, musoro wake wakaiswa parutivi. Baba vake vakauraiwa. Uye zvarawo shure kwazvo kwauya zvimwe nezvimwe nezvimwe, kusvika pamaoto matsva. Ndakamira ipapo. Zvairatidzika kuyevedza zvakadini, asi zvichinzwisa urombo kwazvo!

³³⁰ Ndakafunga kuti, “O Mwari, rimwe ramazuva ano ndiri kuzoona chimwe chiitiko.”

³³¹ Kuchauya zuva rerumuko, iro, “Wekutanga achava wekupedzisira; avo vekupedzisira vachava vekutanga.”

Vaporofita vakare vachauya, kutanga, zvino voona rundaza urwu rwuchifamba, rwuchifora kumusoro muchadenga. “Zvino isu vapenyu vakasara hatingazodzivise avo vavete. Nokuti hwamanda yaMwari icharira, vakafa munaKristu vachamuka kutanga.” Tichanyatsopinda mumutsara mumwe chete navo tichipinda, hareruya, kwese kudzika muzera raRuther, Whisiri, Methodisti, Presbyteriani, kudzika kusvika pazera rekupedzisira, avo vakagamuchira Shoko muzera ravo.

Mwari vakuropafadzei. Gadzirirai zvinhu zvese, zvino Moto uchadonha.

³³² Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguva. Handizive, muungano ino inooneka manheru ano, apo ndakuchengetai muri muno kwe . . . kusvika nine-thirty. Pane here mumwe pano, pane here gumi nevaviri pano, vangani pano, vanoti, “Hama Branham, ndinozvinyarira, mararamiro andakaita. Ndakapira zvakawanda kusangano nevanhu. Ndinoziva kuti handina kusvika chaipo neShoko raMwari. Ndiri kuzongokukumbirai kuti mundinamatirewo, Hama Branham?” Simudza ruoko rwako. Mwari vakuropafadze. Mwari vakuropafadze. Chingotarisa, kumusoro kumabharikoni, nekwakapoteredza. Mwari vakuropafadzei. “Ndinoziva . . .” Zvino rega kunyara. Zvino, usadaro.

³³³ Uye kunze uko, kunyika yese, kubva kuNew York kusvika California, kubva kuCanada kusvika kuMexico: imi vanhu vakaungana mumachechi iwayo (kune mapoka madiki akatendeka akatenda Mharidzo ino nemoyo yavo yese; vakabuda, kubva mukutambudzika kukuru, vakabuda nemumasangano aya; ivo zvizenga zveHupenyu) unonzwa kugombederwa here, manheru ano, sechapungu chidiki chiya, kuti unonzwa Chimwe chinhu chakati siyanei nezvamakambonzwa, asi, zvakadaro, mumoyo mako unoziva kuti iChokwadi? Iwe, imomo, pane mufudzi akamira imomo pane imwe nzvimbo. Wakasimudza ruoko rwako. Ndiri kuzokunamatira.

³³⁴ Zvinhu izvi hazvina kuitirwa muchivande, shamwari. Rangarirai, “Nzira inhete uye yakamanikana, asi vashoma vachaiwana.” Usabatana negurusvusvu revanhu riri kufamba richienda uko, shamwari, Zera riya reChechi yeRaodhikia. Inogona kusvetuka-svetuka, kutamba mumhanzi, yakadziya. Hazvina kunzi yakatondhora sechando zvino. Zvakanzi, “Yaive ichidziya,” ndiwo maPentekosti, “uye isingazive kuti inonzwisa urombo, ine nhamo, yakapofomadzwa.” Kupofomadzwa kuchii? Shoko, kuzadzikiswa kweShoko; nekuti haRina kumbouya nekumasangano avo, havagone kuRigamuchira.

³³⁵ Zvino imi vashumiri zasi kuTucson, manheru ano, handikuwanirei mhosva nokuda kwazvo. Mwari vanodaro. Ndaivako makore matatu apfuura. Ndakakuudzai kuti handisi

kuzotanga chechi. Handina. Hama Pearry Green vakaitanga. Ndaivako makore matatu, uye hapana nguva imwe chete yamakambondikoka kupurupiti yenyu. Ndakagara muTucson kwemakore angada kusvika matatu. Mwari vachandibvisa mugwenga rimwe remazuva ano. Mharidzo ino inofanira kurarama. Ndakaedza nepese pandinogona kuti ndisvike kwamuri. Ndi—ndinoziva chikonzero sei makazviita. Manzwa? Chikonzero chega chamakazviita, ndechokuti sangano renyu raizokudzingai. Uye munoziva, vazhinji venyu ndakataura nemi, uko kuFurr's Restaurant uko, uye munoziva kuti ichokwadi. Munonyadzisa.

³³⁶ Budai mazviri. Budai kubva imomo, hama. Kana muine Hupenyu mauri, ungaita sechampungu chidiki chiya chandangobva kutaura nezvacho, uchanzwa Shoko raMwari. Rangarirai, uchazonzwa iZvi kekupedzisira, rimwe remazuva ano. Tava pedyosa zvino. Haungaye here, manheru ano?

³³⁷ Mwari vanodikanwa, tigere takanyorovera zvino, pazuva rethanksgiving sezvazviri chaizvo, Ishe. Ndinotenda, Ishe, kuva ndichirarama muzuva rino. Rino ndiro zuva gurusu. Pauro muapostora aishuvira kuona zuva rino. Varume vakuru vekare vaishuvira kuriona. Vaporofita vaishuvira kuriona. Vaitarisira zuva rino. Abrahamu aitarisira zuva rino, nokuti akatsvaga Guta iro Muvaki neMusiki waro ndiMwari; rakaremba pamusoro pedu, manheru ano. Johane akaona Mweya waMwari uchiburuka kubva Kudenga, ndokupupura, achiziva kuti iye aiva Mwanakomana waMwari. Uye, fungai zvino, Ari kusarudza Mwenga waKe.

³³⁸ Mwari vanodikanwa, kunze munyika yakapoterera kwese, taurai kumoyo wavo. Ndimi Moga munogona kushandura moyo wavo. Kana yakanga isiri Mbeu yakaiswa imomo pakutanga, havangamboiona, Ishe. Vangori. . . “Bofu richatungamira bofu. Vachawira mugomba,” zvezmazvirokwazvo, nekuti Shoko reNyuru rinotaura kuti vachadaro.

³³⁹ Zvino, Baba, sezvo tichiona kunyika yese, kupoteredza pasi rose, muAfrica, madhazeni, nemadhazeni muSouth Africa, Mozambique, munyika ino yese, unganano diki dziri kutora matepi ano. Uye tepi ino ichaenda kunyika makumi maviri nekuraudzira, dzakasiyana. Vave kutanga kuZviona vachizvipatsanura, mazana nemazana avo. Hazvisi kuzotora vakawanda, Ishe. Zvadaro kana nhengo yekupedzisira yagamuchirwa muMutumbi, Kristu achauya.

³⁴⁰ Ishe Mwari, ndiri kukumbira Mwenga, manheru ano, avo vandiri kunzwa kuti vazvipatsanura uye vakamirira, dai vakazvipatsanura kubva kuzvinhu zvese zvenyika. Vanofanira kurara muHupo hweChiedza cheMwanakomana hunodziya hweMwanakomana waMwari, nekushamba muShoko raKe, murudo rwaKe. Zviitei, Mwari vanodikanwa.

³⁴¹ Dai vanhu ava pano, vanooneka, vasimudza ruoko rwavo, manheru ano, madhazeni avo mutabhenakeri huru ino. Ndinonamata, Mwari, kuti Hupenyu hutsva hupinde mavari; ndinozvinamatira, munyika yose kunyange nepasi rose, uko kucharidzwa tepi, kuti naivowo vagamuchire Mharidzo ino yeThanksgiving voziva, nekunyeverwa nezvinhu zvavanzwa, zvavanofanira kuita. Ndinonamata, Baba. Zviitei. Varopafadzei. NdeveNyu.

³⁴² Ndinoziva kuti yave tsika zvino, Baba, kuti tinodanira vanhu kuartari. Uye ndinonamata, Mwari vanodikanwa, kuti munzvimbo dzose dzekuvhangera, kwese kwakapoteredza, uye pasi rose, kuti vachauya kuartari: vatema, vachena, yero, bhurauni, kwese kwavari; vafumi, varombo, vasina hany'n'a, vapemhi, chero zvavari.

³⁴³ Vemasangano, ava vakagadzira zvinoenderana nezvavanoda nezvakanangana navo, O Mwari, "Vasina kusimira, vakasuwa, vanonzwisa urombo, mapofu, asi vasingambozvizeve." Makataura kuti zvichange zvakadaro, uye ndizvo zvazviri.

³⁴⁴ Saka ndinonamata, Baba, kuti Muchatodana Mbeu yose, manheru ano. Uye nekweise pasi rose kuti iZvi zvidonhe, uye zvibate kachapungu kadiki kaya kanoziva Inzwi raShe wako. Zviitei, Ishe. Ndinovakumikidza kwaMuri, neMuzita raJesu. Amen.

³⁴⁵ Zvino makakotamisa misoro yenyu, muno muungano inooneka. Zvichida vamwe pano, vasina kuponeswa, vasina kunyange kupira moyo yenyu kuna Mwari, hamufunge here kuti munofanira kutenda nokuda kwezvamakaitirwa naJesu? Kufunga kuti, uri mutadzi, uye kuti uri wakapatsanurwa kubva kuna Mwari, asi zvakadaro Chimwe chinhu chiri kugogodza, pamoyo wako. [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti.] Ungaziva sei asi kuti uri mumwe wezvapungu zvidiki zviya! Wakasuwa, uye ucharamba wakasuwa, kusvikira wazvipira kwaChiri. Ko haungaite here kuti ive nguva yokupa kutenda hurusa yawati wambova nayo, pawakagamuchira Jesu Kristu seMuponesi wako.

³⁴⁶ Ungauya kumusoro kuno womira paartari here? Ndichanamata newe kana ukauya, mutadzi upi zvake, murume kana mudzimai, mukomana kana musikana, nhengo yechechi kana asiri nhengo yechechi. Kuva nhengo yechechi hazvikuite Mukristu zvino. Artari yakazaruka. Ungauya here, mutadzi upi angade kuuya, gamuchira Jesu Kristu. Angade kunyatsa kusiya . . .

³⁴⁷ Vamwe venyu vemasangano vangade kusiya kudya chikafu chehuku chiya, chekutaura kuti, "Uri nhengo yeichi uye zvakanaka." Unonyatsoda kuziva kuti rubhabhatidzo chairwo rweMweya Mutsvene chii? Huya, uone.

348 Artari yakazaruka. Takagadzirira. Chingosimuka uuye kuno, kubva—kubva muchigaro chako. Huya kuno upfugame pano paartari, hama iyi ichangouya.

349 “Thanksgiving, O Mwari, ndinoKutendai zvikuru. Kuti, hupenyu hwangu hwese, ndaiziva kuti paiva nechimwe chinhu, Ishe. Handina kumbobvira ndakagutsikana. Ndakaedza. Ndi—ndikafunga, ‘Gore rinouya, ndichazviita. Vhiki rinotevera, ndichazviita, nguva inotevera yandichanzwa kudanwa kuartari. Ndichadaro, rimwe zuva.’ Ndaiverengera kuzviita, ndichiverengera kuzviita. Asi, Ishe, ndinoziva kuti pane chakatsveyama mandiri. Ndaigara ndichitenda kuti pane chimwe chinhu chakasiyana. Uye zvino, Ishe, manheru ano, ndinotenda nokuda kwegadziriro yakaitwa neMwanakomana waMwari, kuti zvivi zvangu, chaizvoizvo kusatenda kwangu, kwaizogezwa kubva pandiri. Ndiri kuuya, manheru ano, nekupfugama kugamuchira ropafadzo guru rekupa kutenda iro randakaitirwa naJesu Kristu paAkandifira paKarivhari.”

350 Ungauyawo here? Zvino pane vanhu vakapfugama paartari pano. Ko wadini wasimuka wauya? Wanga uchida kuzviita. Wakazviedza.

351 Chingofunga pamusoro peHama Lyle Palmer, hama yedu yakanaka, inokosha. Vaiva vakagara muchivanze, sokunzwisisa kwangu, vakatarisa musikana wavo mudiki achitamba croquet kunze uko, kana zvakadaro, zvino vakapuzika mucheya ndokubva vafa vasati vambogona kudini. Hauzive nguva yauchabva pano. Hautongozive kuti uchaenda riini. Zvinogona kuzoitika, manheru ano, saka wadii wauya uzvigadzirise iye zvino?

352 Tirimukai, vanhu. Hamusi kunzwa chinhu chiri kukudhonzai here? Ndi—ndinoziva kuti pane vazhinji venyu pano vanofanira kunge vari partari pano chaipo, asi pangori nevanhu vatanhatu kana vanomwe handivo vagere muno. Zvino, kana muchinditenda motarisa papuratifomu ino, zvinhu zvichiitika, nditendei zvino. Rimwe zuva inzwi rangu richanyaridzwa. Hamuzorinzwa zvakare. Uchashuvira kuti dai wakauya.

353 Unoti, “Asi, Hama Branham, ndanga ndiri nhengo yechechi.” Hapana musiyano wazvinoita kuti wanga uri chii. Kunyange—kunyange Nikodhimo zvakare aiva nhengo yechechi. Saizvozvo Johane, Petro, Jakobho, Pauro, vamwe vavo vese vaimbova nhengo dzechechi.

354 Pauro aiva nhengo yechechi kusvikira chimwe chinhu chakaitika umwe usiku, kana rimwe zuva ndizvo zvaraiva, iye ndokuuya. Aiva nhengo yechechi yakashandurwa zvaradaro, kuva mwanakomana waMwari. Haungauyawo here? Oh, aiva akadzidziswa. Aiva nyanjere. Aiziva kuti aiva akafundiswa, chimwe chezvikoro zvikurusa zvaakafunda zvaiveko, Gamarieri,

mumwe wevadzidzisi vakuru vaivepo munyika. Asi akaziva kuti pane chimwe chinhu chaaida.

³⁵⁵ Haungauyewo here? Zvakare ndinokubvunzai. Mukati umo...Pano kana kwakatenderera munyika ino, ndinokubvunzai, chero kwamuri, chero muungano yauri, panguva ino yekupa kutenda. Rangarirai, ndiri kutepwa pano; kwete pano bedzi, asi Kudenga.

³⁵⁶ Munoziva, zvakaraidzwa nesainzi kuti chinhu chese chaunaita chinorekodhwa. Vakazviratidza. Rangarirai, terevhizheni yakazviratidza. Terevhizheni hai—haigadzire mufananidzo. Ndiwe mufananidzo wacho. Inongozvitakura, zvauro kuita, yozviisa muchaneri. Iwe uripo, zvisinei. Maona? Paunofambisa munwe wako, kufamba ikoko kunotenderera pasi rose. Pese paunopfeka dhirezi, kuratidzika kwako kunotenderera pasi rose. Zviri kurekodhwa. Pfungwa yese inopfuura nemupfungwa dzako inorekodhwa. Uye rimwe zuva rekodhi iyoyo ichamira kurira, ichaiswa muarubhamu.

³⁵⁷ Zvino pazuva reKutongwa richadzoka. Hapo umire nevhudzi rakagerwa, uchikambira kuva Mukristu. Hapo paumire uine mifungo mupfungwa dzako ichipesana neShoko, uye zviri mupfungwa dzako chaimo. Haugone kuzvivanza. Rangarira, terevhizheni, kunyange sainzi inozviza kuti ichokwadi. Wakamira izvezvi, uchiziva kuti unofanira kunge uri pano, rangarira, izvi pazvinorekodhwa, paZuva reKutongwa, pfungwa imwe cheteyo yauri kuita izvezvi ichange ichidzoka zvakare mupfungwa dzako. Izvozvo zvinenge zvichirekodhwa. Nyika yese ichazviona zvichiridzwa. Ko sei nyika isinga... Yakakutarisa, paZuva reKutongwa, Ngirozi dzese dziripo.

³⁵⁸ “Kana uchinyara neNi pano, kana pikicha yako iri kugadzirwa zvino, paZuva reKutongwa Ndichanyara newe. Nokuti, Ndakazodza Shoko raNgu, ndikaRitumira kwauri. Hauna kuRitenda. Wakazvivanza seri kwechimwe chinhu.”

³⁵⁹ “Oh,” unoti, “Ndakanaka. Ndakaita *izvi*. Ndakatamba muMweya. Ndakataura nendimi.” Ndizvo zvinoitawo vahedheni. “Ndakadanidzira.” Ndizvo zvinoitawo vahedheni. Ko ungangururira sei Shoko zvino?

Haungauye?

Haungauye here kwaAri zvino?

Haungauye? Haungauye?

Haungauye here kwaAri zvino?

Unomirirei, hama inodikanwa?

Oh, sei uchinonoka zvakareba kudaro?

Jesu akamirira kukuponesa

Nzvimbo muMusha waKe wakacheneswa.

Akuise uve mumwe wenhengo yeMutumbi waKe!

Haungauye?

Oh, chapungu chidiki, huya zvino.

Oh, Haungauye here?

³⁶⁰ Ishe, ndinotenda. Ndinotenda zvikuru. Kutenda kwaMuri, Ishe; kwete nokuda kwechikafu chepanyama, kunyange tichiita izvozvo. Asi, Ishe, nguva yemagumo yasvika. Ndinotenda nekuda kweChikafu chepamweya, Ishe, chikafu chepamweya cheZvisimbiso Zvinomwe zvakavimbiswa kuzarurwa.

Unoti, “Zvichava chimwe chinhu chakasiyana.” Kwete, kwete.

³⁶¹ Haugone kuwedzera shoko rimwe chete. Wotora . . . Ritori iMomo nechekare, rakangovanzwa. Rakasimbiswa. Vangani vanozvinzwisisa? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maona?

Unoti, “Handiti, ichakavanzika chiri kuuya.” Oh, kwete.

³⁶² RakatoNyorwa. Haugone kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri, kana kubvisa rimwe kubva maRiri. Maona? RitoriMo nechekare. Rinongofanira kuzarurwa muzuva rekupedzisira.

³⁶³ Haungauye here? Huya zvino, shamwari. Kana usinganzwisise, huya. Pfugama pasi, taura naYe pamusoro paRo. Kana ndisingagone kuRijekesa kwauri, Iye achadaro, nokuti ndiYe mu—Munyunguditsi wekupokana kwose.

. . . muchigaro chaKe chakacheneswa.

Oh, hau . . . (Haungauye here?) Haungauye?

Haungauye kwaAri here zvino?

³⁶⁴ Rangarirai, pane rekhodhi iri kuitwa yeizvi, kwete patepi ino chete, asi rekhodhi hombe yaMwari. Mumwe nemumwe wenyu, chiito chese, paunokotamisa musoro wako, paunokotamisa moyo wako, pfungwa inopfuura nemundangariro dzako, rangarira, zviri kurekodhwa izvezvi muKubwinya, uye rekodhi yacho iri kuzoridzwa paZuva reKutongwa. Sarudzo yako iripi? O, ungazoda zvakadini kuti zvishandurwe, paZuva iroro.

³⁶⁵ Ndiri kuzongomirira, nokuti pane vakawanda, vazhinji, vapoteredza artari zvino. Maona? Zvichida mumwe wavo, ndikamgomirira kwechinguva zvakare, panogona kuva nemumwe kunze uko, anogona kunge ari pane imwe nzvimbo kuNew York, inogona kuva imwe nzvimbo kuPhiladelphia, kubva kuCalifornia, Arizona. Imwe nzvimbo, panogona kunge paine mumwe ari kuuya. Mufudzi, chero kwamuri, musavhara kudanira kwekuuya kuartari zvino.

³⁶⁶ Tinogona kusaona imwe Thanksgiving zvakare. Iyi inogona kuva yekupedzisira, uye marekodhi achabuditswa, manheru ano, kekupedzisira. Tepi ichapera, rimwe remazuva ano. Marekodhi achamiswa oiswa muaribhamu yaMwari. Zvino ichazoridzwa zvakare, zviri pfungwa dzako izvezvi. Usazoti waisaziva zviri nane. Unoziva. “Asi hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri,

kunze kwekunge Baba vaNgu vamuunza. Uye vose avo Baba vakaNdipa, vachauya.”

. . . huya kwaAri?

³⁶⁷ Hama, ndinotenda, dai ndanga ndakagara kunze uko pane imwe nzvimbo, uye ndiine pfungwa dukusa, zvirokwasvo ndaiuya kuno nekukwanisa kwandaigona. Hongu.

Oh, haungauyi? Sei?

³⁶⁸ Wapedza here? Une chokwadi kuti hausi kuchemedza Mweya waKe zvino? Ngatirambei takakotamisa misoro yedu zvino. Une chokwadi kuti hauna kuchemedza Mweya waKe? Une chokwadi kuti waita chaizvoizvo zvaAkuudza kuti uite? Une chokwadi zvino? Rangarira, u—unogona kusazwana mumwe mukana zvakare. Rekodhi rinogona kupedzwa, manheru ano. Iri rinogona kuva iro rese. Iyi inogona kuva tepi yekupedzisira kwauri. Une chokwadi kuti wagadzirira zvino? Kana zvirizvo, ndinozvisiya mumaoko ako, muZita raIshe Jesu.

³⁶⁹ Zvino kwaya painenge ichiimba zvinoronyoro, ndiri kuzonamatira ava vari zasi pano. Ndiri mhando yeMukristu akati siyanei. Ndinotenda kuti Mwari ndivo vanoponesa. Ndinotenda kuti Mwari vanofanira kudyara Shoko. “Ndini Ishe,” ndizvo zvinoreva Bhaibheri, Isaya, “Ndini Ishe ndakaRidyara. NdichaRidiridza, siku nesikati, pada mumwe angauye kuzoRibvisa kubva muruoko rwaNgu.” Ndisati ndakumbira mumwe munhu kuti auye kuwartari nevanhu ava, ndinoda kuvanamatira, pachangu.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

³⁷⁰ Jesu anodikanwa, ndichangobva mukudzokorora Shoko reNyu, rakataurwa nemuporofita weNyu, uye ndinoziva kuti mashoko evaporofita ndechokwadi. Uye Makati, “Ndini Ishe ndakaRidyara.” Handiti, zvirokwasvo, MakaRiisa muBhuku reHupenyu reGwayana, nyika isati yavambwa. “Ini Ishe ndakaRidyara, uye NdichaRidiridzira, siku nesikati, pada mumwe munhu angaRidzura kubva muruoko rwangu.” Ava, zvichida, Ishe, vakanzwa kudaniwa kuwartari kwakawanda. Asi Muchiri kuRidiridzira, Ishe.

³⁷¹ Hepano pavari, manheru ano. Dai vakangogona kusunungurwa, manheru ano, Baba, kubva kuzvinhu zvese zvenyika, zvivi zvese nezvinonetsa zviri mumoyo wavo, uye mukudzikama, mukuremekedza, mumoyo yavo, vasiya vouya kuShoko reNyu, iye zvino, zvino voti, “Ishe Jesu, pakadzika mumoyo mangu, ndakagara ndichitenda kuti pane chimwe chinhu changu, chandisati nazvino ndagamuchira. Kunyange ndakaedza, sekutaurwa kwazvaitwa manheru ano, kutevera huku, asi pane changa chisinganzwisike kwandiri. Zvanga zvisingangoratidzike zvakanaka. Zvadaro, manheru ano, ndiri kunzwa kuti ndiri kuswera zvino pedyo nekupinda mumaoko

eShoko benyu. Ndiri kuuya pano nekuremekedza kwese, ndiri mupfungwa kwadzo. Ndauya paartari ino. Ndinoda ruponeso, Ishe, zvakaipisisa. Ndine nzara chaizvo! Ndinoda kuti iMi, Ishe, mundibate mumaoko eNyu, manheru ano. Kwete kubudikidza nemanyawi api zvawo, asi kubudikidza neMweya werudo, ndipinzei mumaoko eNyu, Mwari vanodikanwa.”

³⁷² “Ndiri mwana weNyu. Ndiri kunzwa kuti ndiri chapungu chiya chavataura nezvacho. Ndibatei, Ishe. Ndiri kusvetuka. Ndasimuka kubva muchigaro changu, ndokupfugama zasi kuno. Ndibatei, Ishe. Ndave kusvetuka. Ndiunzei pamapapiro eNyu, Ishe, kubva kuzvinhu izvi zvenyika. Ndiitei ndibhururuke kubva kutsvina yenyika ino, kubva kutsika dzangu dzakaipa, kubva kutsika dzangu dzemasangano. Ndiitei ndiuye kwaMuri bedzi, Mwari vanodikanwa, kuitira kuti Mweya Mutsvene weNyu udurure mandiri kuregererwa kwekupokana kwangu kwese. Dai ini, manheru ano, ndava mwana weNyu, mutsva, aberekwa, uyezve chisikwa chitsva, manheru ano. Ndibatei. Nditakurei kuenda kure, mhiri kwekukerekedza kwehuku. Nditakurei kuenda kure, kune dendere reChapungu, kunova uko kwandinokwanisa kurerwa neShoko raMwari, kusvikira ndava kugona kubhururuka.”

³⁷³ Zviitei, Mwari vanodikanwa. Vatorei. NdeveNyu. Ndiwo munamato wangu nekuperera, kunamatira vanhu vari kufa. Zviitei, Baba. Ndinopira munamato uyu ndakavamiririra. Ndinozvikumbara, kuitira kubwinya kwaMwari.

Zvino takakotamisa misoro yedu.

³⁷⁴ Handizive, vari paartari zvino, ndiwe wakapfugama pano. Vazhinji venyu makakambira kuva Makristu, asi makanzwa kuti pane chimwe chinhu, pamwe panhu, chawanga usina. Unogona kunge wakaita zviito zvese zvechinamato. Unogona kunge wakadanidzira. Unogona kunge wakaita zvinhu zvese. Unogona kunge wakatamba muMweya. Unogona kunge wakataura nendimi. Uye hapana munhu anogona kutaura chero chinhu chinopesana nazvo. Ichokwadi. Zvese zvakanaka. Asi, munoona, izvozvo *zvipo* zveMweya, pasina Mweya. Dai Mweya waiwapo, manzwiro iwayo angadai asiri kunzwa kupomerwa saizvozvo.

³⁷⁵ Unonyatsotenda here, zvakaperera, paartari pano, iye zvino, pauri pano, kuti chiito chekungozviregedzera, kwete manyawi zvino, asi mukutenda kwechokwadi, kwakachena, kuti Mwari vachakugamuchira nekukukudza neShoko raVo kusvikira mava zvapungu, pachako, uchigona kubhururuka? Kana uchidaro, uye uchida kuti Mwari vadaro, simudza ruoko rwako, imi vakaungana paartari zasi kuno. Mwari vakuropafadzei. Mumwe nemumwe vakaisa maoko avo mudenga.

³⁷⁶ Zvino, chinyararire, ndiri kuzokumbira varume nevakadzi vakayereswa vanonyatsoziva Mwari.

377 Vazhinji vavo, zvinoshamisa, zvinoita sekunge ndizvo zvazviri, kudanjira kuartari kwandinoita kazhinji vese varume. Munoziva, pane zvezvira ese, madzimai. Asi vose varume vari pano. Ndinofunga kuti pane mudzimai mumwe chete paartari, manheru ano, pamwe vaviri. Kazhinji madzimai. Asi, neimwe nzira, pamwe zvinoita sekunge madzimai anofunga kuti ndinotaura ndichipesana navo. Handidaro, hanzvadzi. Vatatu, ndinotenda, mumwe munhu ati avaona. Handisi kugona kuona pamusoro peartari pano. Zvakanaka.

378 Vamwe venyu Makristu akayereswa huyai kuno mumire neni mumunamato kweminiti. Paartari, chero pamuri, papuratifomu, mumwe munhu anonyatsoziva Mwari, anoziva kumira pano kwemaminitsi mashoma achinamata navo, zvadaro tozoparadzana unganano. Munhu wese ngaaremekedze zvino. Usaenda. Chingouyai pano mumire makaungana.

379 Vamwe venyu vanhu vanonyatsotenda kuti Ichi iChokwadi, kuti tave kupinda mune rimwe zera. Tave kupinda muZera reKubvutwa. Munoziva chechi haigone kuenda muchinhano chayo, uye haigone kuva zviri nane. Inofanira kuwedzera kuipa. Vangani vanozviziva? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Inofanira kuwedzera kuipa. Uye haigone kuenda yakaita sezvizvi. Maona? Panofanira kuva neChimwe chinhu, uye Chiri kutofamba izvezvi, shamwari. Ku—ku—kuri kutoitika, kufamba kweMwari kuri kutoitika. IChokwadi. IZVANZI NAJEHOVHA.

380 Fambai muchiuya zvino, Makristu akayereswa vanoda kuti rekodhi ravo—ravo kuti rione, ava vanouya vakaperera, vamunoda kuuya kuzopira munamato navo, sehama nehanzvadzi dzenyu, huyai kuno kuartari. Mirai makatenderedza pano kwechinguva, kuitira munamato. Pane mumwe here anoda kuuya? Mirai pano. Chingopfugamai pavari. Chingofambai, apo imi varume makaunganira varume avo; imi madzimai. Zvinotapira, zvakaninipa vakumbirirei munamato.

Mwari vanodikanwa, batsirai. . . ? . . .

381 “Ndinopira zvose. Ndinopira sangano rangu. Ndinopira muchato wangu wekutanga. Ndinopira murume wangu wekutanga. Ndinopira zvose, Ishe.”

. . . -ra zvose.
Zvose kwaMwari, Muponesi wangu
akaropafadzwa,
Ndinopira zvose.
Ndinopira zvose,
Ndinopi- . . .

382 Unopira pfungwa dzako? Unogona here kupira pfungwa dzako, kuShoko raMwari?

Zvose kwaMuri, Muponesi wangu
akaropafadzwa,
Ndinopira zvose.

Ndinopira zvose,
Ndinopira zvose.
Zvose kwaMuri, Muponesi wangu
akaropafadzwa,
Ndinopira . . .

³⁸³ Vose vanotenda zvino, muungano, simukai. Ngatirwuimbei, pamwe chete, zvino.

Ndinopi- . . .

Unopira zvose, wagadzirira kurwuimba zvino?

Ndi . . .
KwaMuri, Muponesi wangu akaropafadzwa,
Ndinopi- . . .

³⁸⁴ Zvino, imi makaungana paartari, kana muchinyatsozvipira, simudzai maoko enyu kwaAri, imbai, “Ndinopira zvose. Ndinopira masangano. Ndinopira masangano. Ndinopira chechi. Ndinozvipira pachangu. Ndinopira pfungwa yangu. Zvose kwaMuri, Muponesi wangu akaropafadzwa, ndinopira zvose. KwaMuri, wangu . . .”

Ndinopira zvose,
Ndinopira zvose.
Zvose kwaMuri, Muponesi wangu
akaropafadzwa,
Ndinopira zvose.

Unonyatsorevesa here?

Ndinopira zvose,
[Chibenga patepi—Mupepeti.]

³⁸⁵ Imi vari paartari pano zvino. Imi vakaungana paartari, vanamata. Chechi yakunamatirai. Manamata, pachenyu. Zvino pane nzira imwe chete yamunogona kuponeswa nayo, inova, “Nekutenda makaponeswa, uye nyenasha.” Nyasha dzaMwari dzataura kwamuri, kukuunzai kuartari. Uri kutsvaga maropafadzo aMwari. Uri kutsvaga Shoko rake. Uri kutsvaga Mweya Mutsvene. Uri kutsvaga mafevha aMwari. Zvino kana wakadaro, unogona, chaizvoizvo, nemoyo wako wese, kuzvipira. Zvino, usatsvage manyawi. Tsvaga Chokwadi, Chokwadi chinobva mumoyo wako, nekutenda. “Ishe, ndakazvipira kuita chipi zvacho chandinorairwa neShoko reNyu kuti ndiite. Ndinozvipira, nezvose zviru mandiri.”

³⁸⁶ Kana uchitenda nemoyo wako wese, ndinoda kuti usimuke netsoka dzako, tenderera kukereke ino, ungoro, usimudze maoko ako mudenga, uye ticharwuimba pamwe chete navo,

“Ndinopira zvose zviri mandiri, Mwari. Sekuziva kwangu kwese, zvose zvandiri, ndinozvipira.”

³⁸⁷ Kwirai papuratifomu ino, imi vari paartari. Nyatsokwirai papuratifomu pano, hama, kuno chaiko, imi mese, hama nehanzvadzi.

Tarisai kuno, kereke.

³⁸⁸ [Imwe hanzvadzi inoti, “Hama Branham, ndiri nhengo yechechi, asi nguva yapfuura handisi—handichisiri mairi zvachose.”—Mupepeti.] Unozvipira? [“Ishe vanoziva kwandinoda kuti Vanditungamirire. Ndinoda...?.?.kuchechi. Uye ndinoda Mweya Mutsvene, kuzadzwa neMweya. Uye ndingatoda kukurumidza kufa, kana zviriiivo zvazvinotora.”] Hongu. Ndizvozvo. Unopira zvose kwaAri neShoko rake here?

³⁸⁹ Hanzvadzi pano, abva kusangano. Ati, “Ndiri nhengo yesangano.” Hatifanire kuritaura. Mushandi imomo. Asi ati, “Hama Branham, ndinoda kuuya kuChokwadi. Ndinoda chimwe chinhu chakadzama kupfuura ipapo.” Maona?

³⁹⁰ Regai nditaure kubva muShoko raKe. “Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yekururama, nokuti vachazadzwa.”

³⁹¹ Zvino, imi pano papuratifomu, vachangouya, kana wakagadzirira kupira zvese zvauri, zvese, kuteerera Shoko raMwari. Hapana munhu akambokuudza, vhiki rino, zvekuita. Zvino, kana wakagadzirira kupira kwaAri iye zvino, chingosimudza maoko ako, seizvi, kuungano. Zvino, imi vari papuratifomu, ngatirwuimbei pamwe chete zvino, *Ndinopira Zvose*. Munhu wese, pamwe chete. Zvakanaka.

Ndinopira zvose,

Zvino nyatsa kuzvirevesa! ...?....

³⁹² Unonyatsa kurevesa here? Iti, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Iti, “Ameni,” zvakare. [“Ameni.”] Iti, “Ishe,” [“Ishe,”] “ndinzverei.” [“ndinzverei.”] “Ndiyedzei.” [“Ndiyedzei.”] “Uye mundipewo mukana.” [“Uye mundipewo mukana.”] “Izvi ndizvo zvega zvandakwanisa kuita, manheru ano,” [“Izvi ndizvo zvega zvandakwanisa kuita, manheru ano,”] “kuzvipira kwaMuri.” [“kuzvipira kwaMuri.”] “Munoziva nzara yemoyo wangu.” [“Munoziva nzara yemoyo wangu.”] “Munoziva chishuwo changu.” [“Munoziva chishuwo changu.”] “Vimbiso yenyu yaiva yekuzadzisa chishuwo ichocho.” [“Vimbiso yenyu yaiva yekuzadzisa chishuwo ichocho.”] “Zvino ndinochigamuchira.” [“Zvino ndinochigamuchira.”] “Uye ndinozvipira kwaMuri.” [“Uye ndinozvipira kwaMuri.”] Tose pamwe chete.

Ndinopira zvose,
Ndinopira zvose.
Zvose kwaMuri,
akaropafadzwa,
Ndinopira zvose.

Muponesi wangu



KUBATANA KUSINGAONEKI KWE MWENGA WA KRISTU SHO65-1125
(The Invisible Union Of The Bride Of Christ)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Zuva reThanksgiving, China manheru, 25 Mbudzi, 1965, paLife Tabhenakeri muShreveport, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yakarekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2016 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org